


# CHISIMBISO CHECHISHANU

 Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate.

<sup>2</sup> Baba veKudenga vane Nyasha, Mwari Samasimba, Vakamutsa zvakare Jesu Kristu kubva kuvakafa, uye vakaMuunza kwatiri mumazuva ano ekupedzisira, muSimba reMweya Mutsvene, tinotenda nekushanyirwa kukuru uku naMwari vasingafe. Uye zvino, Baba, takatarisana neimwe nguva, nguva inogona kushandura kuchaendwa nevanhu vazhinji muna Ziendanakuenda.

<sup>3</sup> Uye kuti tisvike pane izvi, Ishe, hatina kukwana. Nekuti, zviri muMagwaro, kuti, “Gwayana rakatora Bhuku ndokuzarura Zvisimbiso.”

<sup>4</sup> O Gwayana raMwari, huyaiwo pano, tinokumbira. Tinodana kwaMuri, Ishe, Mudzikinuri mukuru. Huyaiwo pano mutiratidze hurongwa hweNyu hwerudzikinuro hwanga hwakavanzwa mumakore ose aya, muchiparura Chisimbiso Chechishanu ichi kwatiri manheru ano, Baba, nekuzarura zviri pasi peChisimbiso ichi kwatiri; kuti tiende tava Makristu ari nani kudarika zvatiri iko zvino, tive takakodzera basa riri mberi kwedu. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

Garai pasi.

<sup>5</sup> Manheru akanaka, shamwari. Ndinotora uyu semukana wakanaka kuva pano manheru ano, pachitiko chikuru ichi. Handizive kumwe chero kupi zvako kwandinganzwa zviri nani kunge ndiri, pane kunge ndiri pabasa raMambo. Uye zvino tichiuya kunyanya pazvidzidzo izvi apo patakangomirira hedu; kuti dai Vasina kuZvizarura kwandiri, handaikwanisa kuZvipa kwamuri. Handisi kuedza kushandisa chero imwe yepfungwa dzangu pachangu kana chimwewo chinhu; sekungoZvipa kwaVachaita. Ndizvozvo. Uye ndi—ndine chokwadi, kana ndikasashandisa pfungwa dzangu pachangu, uye Zvouya nenzira yaZvakaita. Uye muhupenyu hwese haZvina kumbobvira zvakapotsa. Hazvisi kuzopotsa panguva ino.

<sup>6</sup> Zvino, tiri kungotenda kwazvo uye zvakanyanya, zvikurusa chaizvo nezvaVakatiitira, ruoko rukuru rwusinganzwisike rwaMwari vapenyu! Chii chingava chinhu chikuru zvakadarika, tingava vanhu vane rombo riri nani zvakadii, pane kuva muhupo hwedu Mambo wamadzimambo, Ishe wamadzishe?

<sup>7</sup> Zvichida taizoridza miridzo ne—nekusimudza mireza, nekuwaridza makapeti nezvose, kuti Mutungamiriri wenyika auye kuguta. Asi, chimbofungai, izvozvo zvingava zvakana, uye runozova rukudzo kuguta.

<sup>8</sup> Asi chifungai. Mutabhenakeri yedu duku, yakaninipa, manheru ano, tiri kukoka Mambo wemadzimambo, Mwari. Uye hati. . . Havashuvire kuwaridzirwa makapeti, nezvimwewo zvakadaro. Vanoshuvira moyo yakazvininipisa kuti iwaridzwe, kuitira kuti Vagotoro moyo iyi yakaninipa uye vozarura kwairi zvi—zvinhu izvo zvakanaka zvaVakachengetera avo vose vanoVada.

<sup>9</sup> Zvino, takumbira. . . Uye ndine chapupu chandinoda kuti—kuti ndigopa. Zvino, kana ndikakanganisa pachiri; ndangochinzwa, uye ndinogona kunge ndiri kukanganisa. Asi ndinofunga kuti vanhu vacho vari pano, uye avo vanoreverwa nechapupu chacho.

<sup>10</sup> Uye zvakare, mazuva mashoma apfuura, pandainge ndiri kunze kumba kwangu zvino, mu—muArizona, takawana ru—runhare rwaiti pane mukomana mudiki ane chirwere che rheumatic fever. Zvino ichi chinoenda kumoyo chaiko. Uye akanga ari wokuti. . . Baba naamai vake ishamwari dzangu dzinodikanwa, dzinokosha. Aiva wedu. . . mumwe wemadhikoni edu pano, echechi, Hama Collins. Mwanakomana wavo mudiki, Mikey mudiki, anotamba naJoe, akanga achitambudzika nerheumatic fever yemoyo. Uye vanachiremba vanga vamudzorera kumba, vakamuisa pamubhedha, ndokuumudza vabereki vake kuti vasatomborega achimuka, kana kusimudza musoro wake, achinwa mvura. Ainwa nekachubhu; akanga ari pachinhanho chakaipa kwazvo. Zvino vabereki, vakatendeka, vanouya patabhenakeri pano, uye vanotenda.

<sup>11</sup> Zvino husiku hushoma hwapfuura, tisingayedze kumirira, takazivisa shumiro yekupodzwa musi weSvondo. Asi, tichiona kuti tanga tiri kuzopindura mibvunzo, saka zvino takatozoisa parutivi shumiro yekunamatira vanorwara.

<sup>12</sup> Uye zvakare ndine kamwe kanhu kadiki kandanga ndakachengeta mukati mangu, mumoyo mangu.

<sup>13</sup> Zvino mai nababa vake vaida kuziva kana vaigona kuunza mwana wavo mu—mukamuri. Zvino vakaunza muchinda mudiki uyu kunze ikoko, Mweya Mutsvene ndokuumudza kuti apodzwa.

<sup>14</sup> Zvino saka, vabereki, vachizviremekedza, vakaendesa muchinda mudiki kumba ndokumuendesa kuchikoro, vakangomuendesa kuchikoro zvakadaro.

<sup>15</sup> Chiremba akazviziva, saka chiremba haana kana kufadzwa zvakananyanya nechinhu chakadaro. Saka, akaudza amai vacho kuti mwana uyu aifanira kunge akarara, handitika. Ivo ndokumupa nyaya yacho. Uye ndinofunga kuti murume uyu, ndinonzwisisa kuti, mutendi weChikristu, mune rimwe sangano. Mu—muSeventh-day Adventisti, chiremba uyu. Uye saka akati, “Zvinoka, munofanira. . . yasvika nguva yemwana,

yekuti ndimuongorore.” Akati, “Munotofanira, hazvo, kuti aongororwe.”

Amai vakati, “Zvakanaka chose.”

<sup>16</sup> Vakaenda nemwana zasi ikoko, chiremba ndokumuongorora, muropa rake, macho munogara rheumatic fever iyi. Uye saka ndinonzwisisa kuti chiremba akashamisika kwazvo akasaziva zvokuita. Mukomana mudiki akanyatsopora zvizere, akagwinya uye akanaya, pasina kana . . . ? . . . chakawanikwa.

<sup>17</sup> Zvino, vekwa Collins vari pano here? Ndinogona kunge ndataura nepasipo. Ndinoda . . . Ndizvo here, Hanzvadzi Collins? Hongu. Zvakanaka. Hongu. Uyo ndiMikey Collins mudiki, angangoita makore 6, 7 ekuberekwa.

<sup>18</sup> Uye zvakaitika mukamuri umo chaimo, zvingaita husiku 3 hwapfuura. Oo, ivo . . . Paitova nemumwe Munhu mukamuri imomo asiri munhu! Vaiva Jehovha va—vakuru vane simba, ndizvozvo, vanouya kuzoremekedza Shoko raVo. Uye ndi—ndinotenda zvikuru kunzwa izvozvo. Maona? Ndinoziva kuti tose tinotenda. Kwete ini ndega, asi tese tiri, nekuti ko dai aive— aive mwanakomana wako mudiki kana kuti mwanakomana wangu mudiki?

<sup>19</sup> Uye, rangarirai, ndiri kupa chapupu, chingori 1 chete, zvino ndotoro 1 apa neapo. Zviri kuitika kwese-kwese, asi kungokuzivisai kuti—kuti shumiro yangu chaiyo iri pakupodza kwaMwari. Asi imi . . . Ndiri pano nekuda kweZvisimbiso izvi. Nekuti, pamberi apo, muchanzwisisa kuti sei ndakatozoita izvi. Uye, saka, handisi mudzidzisi, handisi mudzidzi webhaibheri. Ndi—ndinongonamatira vanorwara, uye ndinoda Ishe. Uye zvino, zvino mune izvi, kunyangwe, izvo . . .

<sup>20</sup> Husiku hwapfuura takapa chapupu chemusikana mudiki . . . Ndine zita rake. Zvino Billy anaro pano zvino, pane imwe nzvimbo, remubereki wacho uye kuti ndivanaani. Zvino musikana mudiki uyu akanga asvika padanho rekupedzisira rekenza yemuropa, tingangoti . . . Zvakangoipisisa zvekuti vaisakwanisa kumudyisa nemuromo uyu zvachose; aifanira kuti . . . ropa rake raiwedzerwa nemutsinga. Zvino aiva kanhu kadiki kakaisvonaka. Mumhu wake mudiki waesaenderana nezera rake, zvakada kuita semudzimai mudiki uyu ari pano, ndofunga kudaro. Asi akanga akareba zvakada *kudai*, zvikuru . . . Vakanga vakaita sezviri vazhinji vedu. Waitoona nekapfekero kemwana, kuti . . . zvino vabereki vacho, kuti vakanga vari varombo zvikuru, vangori varombo zvikuru, uye, zvino, asi vachiremekedza chaizvo. Zvino Mweya Mutsvene wakataura mwana iyeye kuti apodzwa.

<sup>21</sup> Zvino, chingofungai pamusoro pazvo, nekenza yemuropa, kamuchinda kadiki aka. Uye ropa rakanga rakashata kwazvo zvekuti vakanga vasisakwanise kana kumudyisa chikafu nemumuromo zvachose. Aitofanira kutora, kuenda kuchipatara

onotora ropa, kana kuwedzerwa ropa nemutsinga, kuti awane chikafu; ndinofunga, glucose, kana chero zvazviri. Handizive mutauro wacho wekurapa unoitwa kuchirwere ichocho, asi, zvisinei, aitozodyiswa nenzira iyoyo. Zvino mwana asati abva panzvimbo yacho, akachemera hamubhega.

<sup>22</sup> Uye vabereki, mushure mekunge vanzwa Mweya Mutsvene, weZVANZI NAJEHOVHA, munoono, ivo... Uye, ivo, vari vayeni, vasina kumbobvira vakava pano kumashure. Asi ivo... Va—vaviri vakaisvonaka vakwegura vachangobva kuvawanira zvigaro pano, maminetsi mashoma apfuura, Hama naHanzvadzi Kidd, vakanga vavaraira pane zvekuita, uye nezvokuteerera. Zvino mwana akadya zvokudya zvake munzira yokuenda kumba.

<sup>23</sup> Mazuva 2 kana 3 mushure mazvo, ave muchikoro. Uye ndokuzoenda kuna chiremba, zvino chiremba akashamiswa kwazvo! Akati, “Hapana kana kamuhwezva zvako kekenza yemuropa kakawanikwa mumwana uyu.” Maona? Zvino, ndiro Simba rechiriporipoty, rakananga, raMwari Samasimba, kutora ropa rinofamba nekunyatsorichenesa, chaiko saizvozvo, uye—uye ndokudzorera kupfakanyika kwe—kwehupenyu hutsva imomo. Nokuti, ropa rako—rako rinofamba ndihwo hupenyu hwako, hunofa. Uye kusika zvizenga zvitsva, nekuburitsa zvekare! Uye—uye zvazviri, zvingori chaizvo... Ndingati izvo, kushanda kwekusika kwaMwari Samasimba; kutora ro—ropa rakasvibiswa nekenza, kusvikira kamuchinda kadiki, kaita yero uye kakazvimba, zvino, mukati menguva shoma, ava neropa idzva!

<sup>24</sup> Ndinotenda... Handisi kuzozvitauro muZita raKe; ndichazvitauro mune changu... muchizaruro chekutenda kwangu, zvakaitika muSabino Canyon rimwe zuva. Ndinotenda kuti nguva yava kusvika, yekuti mitezo yemuviri isipo ichadzoreredzwa, uye neSimba rinobwinya reMusiki. Ndi—ndinotenda kuti, kana Vakakwanisa kuti tsindi igoonekwa, isina... Heuno murume kana mudzimai, anongova nechimwe chikamu chisipo. Zvino iyi imhuka yese yakakwana, pachayo. NdiMwari. Ndi—ndinoVada.

<sup>25</sup> Zvakanaka, zvino, ndikangotanga kupinda munyaya idzodzo, zvino tinoramba tichingotaura. Uye vanhu vakamira pamadziro, uye vakamira mumahoro nemumakamuri, nezvimwe zvakadaro, saka ndichananga kuMharidzo chaiko.

<sup>26</sup> Zvino ndinoda kutaura izvi, uye ndinoda kupa kutenda kuna iYe Ari kwese-kwese. Uye, kuti, nhasi, ndisingazive chinhu 1 zvacho pamusoro peChisimbiso Chechishanu ichi, Chauya nenzira imwe cheteyo inoshamisa, mangwanani ano, kwangosara ringaite awa kuti zuva ribude, pandanga ndiri mumunamato. Uye nhasi...

27 Ndangogara mazuva 5 kana 6 adarika aya, ndingori mukamuri diki, ndisina wandinoona. Ndiri kungobuda kunodya chikafu changu ne—neimwe shamwari, nedzimwe shamwari dzangu pano. Uye, hongu, munoziva kuti shamwari yacho ndiani, ndiHama naHanzvadzi Wood. Hongu. Uye—uye munoziva, zvino ndakaendako uye—uye ndikanogara navo, uye munhu wose anga akandinakira. Uye hapana kuva nechero chii zvacho, kungori bedzi. . .

28 Ndiri kuedza kugara chete neMharidzo iyi yeZvisimbiso izvi. Yakakosha. Ndinotenda i—inguva yemwaka wekuzarurwa kwaCho, yechizaruro chaCho.

29 Uye zvino ndinoda kuti muve nechokwadi zvino, mukakurumidza, nguva isati yasvika, nekukwanisa kwamungaita, nyorai zvamusiri kunzwisisa zvenyu pa—paZvisimbiso Zvinomwe izvi, kana muinazvo, mozviisa padhesiki. Uye pamwe Hama Neville kana mumwe munhu angangoisa bhokisi kumusoro kuno. [Mumwe anoti, “Herino bhokisi racho.”—Mupepeti] Oo, apa—apa, ndiri kuiona zvino. Zvakanaka izvi. Ndingasva ndava nayo manheru ano, kuti pamwe ndikwanise kumboiverenga kwekanguva, kuitira mangwanani eSvondo. Zvino, regai, nguva ino, panguva ino chaiyo, musazviite zvikumbiro zvekuti, ngatitii, “Ko humbowo hweMweya Mutsvene ndeuyu here?” Maona? Ndi—ndinoda kuziva pamusoro peizvi, zvandakadzidzisa nezvazvo, munoona, kuti tigone kutora chidzidzo 1 ichi (semazera ekereke) zvakananga, munoona, nokuti ndicho chatiri kushanda nacho iko zvino.

30 Zvino, sekuti tanga tiri kuzonamatira vanorwara, zvino zvinotora zvichida munamato wa—wakasiyana. Uye wakazodzwa, uchiuyira chimwe chinhu chakasiyana, munoziva. Uye uchitsvaga Mwari, kuti ugoziva, “Pachava nemumwe munhu manheru ano here, Ishe?”

31 “Hongu, achange ari mumwe munhu akapfeka rokwe reyero, akagara mukona yekurudyi. Uye kana wamudana, mudane *zvakati*. Uye utaure *zvakati nezvakati* zvaakaita. Uye ane *chakati-ne-chokuti*.” Zvino woenda zasi ikoko wonotarisa, zvino hapo paari. Maona? Hezvoka izvo, munoona. Zvakasiyana. Maona?

32 Uye nenzira iyi, ndiri kunamata, “Ishe Jesu, dudziro yeIzvi ndeipi? Zvizarureiwo kwandiri.” Ameni.

33 Zvino ngatibuditsei Minondo yedu—yedu zvakare zvino, uye, Shoko.

34 Uye ndinoyemura tsigiro yepamweya yaHama Neville, pamwe nerudo rwavo rwehama, seri kuno shure kwangu, vachindinamatira. Uye neyenyuwo yose kunze uko, zvakare. Uye, zvino, manheru ano chiri Chishanu manheru, tichaedza, kungozviita se. . . isu. . .

35 Haumbogone kutora zvinhu zvese. Iwe . . . Nokuti, unogona kutora Icho, 1 chete cheZvisimbiso izvi, uye wogara, uchingo—uchingoChiunza nemuMagwaro, uchidzika nawo. Maona? Zvingatotoro mwedzi nemwedzi nemwedzi, uye zvakadaro usati wava naCho, nekuti chi—Chisimbiso pachaCho chinosinganidza Gwaro rose, kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, Chisimbiso 1 chaZvo.

36 Saka chandinoedza kuita, ndiko, kurega kubva paChiri, ndinozonyora pasi Gwaro, kana—kana katsamba kadiki pano pamwe panhu, uye ndorega kubva . . . Ndochingoramba ndiri pachinhu chimwe chete ichocho, ndinofanira kudzokera ndotarisa, nokuti, ndinongo . . . Kutura, ndinotaura ne—nenzira . . . Ndi—ndinovimba kuti kufemera kwakafanira. Uye zvakare pandi—pandinotarisa pasi kuti ndione . . . Uye ndo—ndotanga kutaura, zvino ndinozvinzwa ndichibva panyaya yacho, ndinodzoka, ndotarisa kumashure neimwe nzira, kuedza kutora rimwe Gwaro, kuti ndisvike pairi, munoono, kuita sokuzvirerutsa zvishoma kudivi iroro, pachinhambo chekuedza kuenderera mberi nazvo.

37 Uye saka zvino tichanzvera manheru ano, nyenyasha dzaMwari, nerubatsiro rwaVo, Chi—Chisimbiso Chechishanu. Zvino ichi Chipfupi. Chakati rebei zvishoma pane chimwe chacho. Vatasvi 4 vemabhiza, zvino, aiva mavhesi 2 pane chimwe nechimwe, zvino aya mavhesi 3 pane ichi. Zvino, Chisimbiso Chechishanu chinotanga, chitsauko 6 chaZvakazarurwa, vhesi 9.

38 Uye, zvino, kana zviri zvekuti uri mu—muenzi asati anzwa vatasvi 4 vemabhiza ava, zvakanaka, iwe . . . Munoono, dzimwe nguva uno—unogodzokera shure uye—uye woita sekurovedzera chimwe chinhu, uye, kana wadaro, uri kutarisira kuti vanhu vaChinzwisise. Saka kana pane chinhu chidiki chausinganzwisise, zvakanaka, ingoita sekuti tsungirirei zvishoma. Kana kuti, watora tepi woteerera kwaChiri, uye—uye ndine chokwadi kuti ucha—uchawana ropafadzo kubva kwaChiri. Ini ndakadaro. Ndi—ndinovimba kuti iwe—kuti iwe uchadarowo.

39 Zvino, munhu wese agadzirira, kubva pavhesi 9 zvino kusvika pa 11, kana kuti kusanganisira 11.

*Wakati azarura chisimbiso chechishanu, ndakaona pasi pearitari mweya yeavo vakanga vauraiwa nokuda kweshoko raMwari, uye nekupupura kwavo kwavakanga vainako:*

*Zvino vakadanidzira nezwi guru, vachiti, Kusvikira riniko, O Tenzi, mutsvene uye wechokwadi, muchidaro . . . kutonga nokutsiva ropa redu pane avo vanogara panyika?*

*Zvino mumwe nomumwe wavo akapiwa nguo chena; uye vakaudzwa kuti, vambozorora kwechinguva chi—chiduku, kusvikira vamwe varanda pamwe chete navo...hama dzavo, dzaifanira kuuraiwa saivo, zvazadziswa.*

<sup>40</sup> Zvino, ichi chakanoti vanzikei. Uye zvino nekuda kwematepi, nevafundisi nevadzidzisi vagere pano, zvino, kana uine maonero akasiyana neiZvi; ndaidarowo, zvakare. Asi ndiri kungoZvitora kubva mukufemera, kwakashandura zvachose maonero angu pamusoro paZvo. Maona?

<sup>41</sup> Uye zvakare ndinozoonza, muchiona izvi zvichizarurwa, Zviri kunyatsobatanidza nekuunza mazera aye ekereke neMagwaro pamwe chete chaipo, nekuZvisunganidza. Maona? Uye ndicho chikonzero ndichitenda kuti Zvinobva kuna Mwari. Zvino, tinozvicherechedza izvozvo.

<sup>42</sup> Uye ndiri kufunga kuti dzimwe nguva tinozembera pane zvingave zvakataurwa nemumwe mudzidzisi mukuru pamusoro paZvo. Maona? Uye zvaka—zvakanaka hazvo. Handiwanire mhosva mudzidzisi iyeye, kwete zvachose. Uye handiwanire mhosva chero ani zvake. Ndinongotsiura chivi, kusatenda; kwete munhu.

<sup>43</sup> Uye vamwe vanhu vakati, “Unotsiura sangano.” Kwete, handidaro. Ndi—ndinotsiura hurongwa hwesangano; kwete vanhu varimo, boka revanhu vanova ivo sangano, munoziva. Asi hurongwa hwavanotongwa nahwo, ndihwo hwandinotsiura, maKatorike nemaProtestanti, zvimwe chetezvo. Ini zvangu! Ndine...

<sup>44</sup> Dzimwe shamwari dzepamoyo idzo—idzo—idzo dzandinoziva, maKatorike, vakango...?.. Munocherechedza here...Zvino murume uyu anogona kunge akagara pano manheru ano, zvichida hazvo. Nzira bedzi yatakavaka nayo tabhenakeri ino, imhaka yekuti mumwe muKatorike wechiRoma akamira netsoka dzake mudare redzimhosva uko, ndokunondirwira ari mberi, uye, vakomana, zvaisakwaniswa nemumwe munhu. Ndizvozvo chaizvo. Uye havana kugona kuzviramba. Ndizvozvo chaizvo.

Uye akati, “Vakaburitsa nhamba yacho, ‘Vanhu vakawandisa ava.’”

<sup>45</sup> Akati, “Oo, havangapfuuri 80 muchechi iyoyo, saizvozvo.” Akati, “Chechi iyoyo iripo ipapo.” Akati, “Ndi—ndinoziva mufundisi wayo, nevose vakadaro.” Zvino akati, “Chechi iyi yagara iripo.” Akati, “Vamwe mese munogona kuwedzera kwairi, saka ivo vanotadza nei?” MuKatorike wechiRoma, shamwari yangu yakanaka. Maona? Hongu, changamire.

<sup>46</sup> Mu—mukomana anova mu—muKatorike, shamwari yangu yakanaka chaizvo, aitura neni. Aive nechimwe chitoro chemidziyo; ndisati ndaenda. Akati, “Billy, ndi—ndinoziva kuti

hautende muhurongwa hwedu hwechitendero.” Akati, “Asi ndiri kukuudza izvozvi,” akati, “Mwari vakaremekedza minamoto yako zvikuru yawakatiitira! Ndinotenda, kana ukapinda mudambudziko chero kupi zvako munyika,” akati, “muKatorike wose ari munyika anouya kwauri.” Saka, munoona, ndizvo . . .

<sup>47</sup> Akati, “Vemuchinjikwa kumusana vese,” akataura kudaro. Ndichangozvitaure sematauriro aakaita. Chokwadi, vanotaure kuva izvozvo nekuti Makristu epamavambo vaitakura michinjikwa kumisana yavo. Tinozviziva nenhoroondo. Uye vanozviti ndivo Makristu epakutanga, zvinova zvavaiva, asi hurongwa uhwu hwakavabvisa munzira iyoyo, munoona.

<sup>48</sup> Uye vanhu ivavo, muKatorike, kana muJudha, kana angavei, vanhu vanobva pamuti mumwe chete watinobva kwauri. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Ivo—Ivo vanhu vanoda, nekudya, nekunwa, nekurarawo, uye sezvingori chero ani zvake. Zvino saka hatifanirwe kuwanira mhosva vanhu vacho, kwete, kana ani zvake, munoona. Asi, hatifanire kuwanira mhosva vanhu vacho.

<sup>49</sup> Asi, semushumiri, ndinofanira kurova nyoka iyi iri kunze uko, iri kuruma mivanhu ivavo, munoona. Uye ini handi—uye handitombo . . . Ini chete, uye pachangu, handaimbozviita dai kusiri kutumwa kwakabva kuna Mwari, kwekuti ndinosungirwa kuzviita, munoona. Uye ndinofanira kuzvibata zvechokwadi uye ndakatendeka.

<sup>50</sup> Asi kana muKatorike, muJudha, kana chero ani zvake, akauya pano; kana akava muMohamedhi, muGiriki, kana muOrthodox, kana chero zvaari. Kana akauya pano kuzonamatirwa, ndinomunamatira nekungoperera kumwe chete kwandinoita kune vangu. Ndizvozvo chaizvo. Zvirokwazvo, nekuti munhu anorarama. Uye ini ndakanamatira maBhudha, nemaSikh, maJain, vanaMohamedhi, uye—uye nemarudzi ose, munoona, saizvozvo. Uye handivabunze chero mibvunzo; ndinongovanamatira, nekuti ivo mumwewo munhu, mumwe munhu anorarama anodawo kupora, uye nokuedza kuita kuti hupenyu huve hwakati rerukei munzira kwavari.

<sup>51</sup> Zvino tinocherechedza, kuti, mune izvi, uye vazhinji venyu pano ndinoziva, pane vadzidzi 2 kana 3 chaivo vagere pano. Uye—uye vakatesva njere, uye ndokuverenga kubva mu—kubva mudzidziso dzevamwe varume pachidzidzo ichi. Uye ndinoda kuti hama idzi dzizive kuti ini—ini handisi kuwanira varume ava mhosva. Ndiri kungotaura zvandinoratidzwa naShe. Uye ndizvo zvega zvandinazvo.

<sup>52</sup> Zvino, hatidi kutombofunga zvakadaro, nekuti mumwe mukadzi mudiki anowacha kana—kana mukomana mudiki anorima kunze uko, haagone kuwana chizaruro kubva kuna Mwari. Nekuti, munoona, icho . . . Mwari, chaizvoizvo VanoZvizarura muhunoro. Ndizvo, takava nazvo neSvondo



iya, pakutanga izvi, kuti VanoZvizarura sei muhunyoro hwaVo. Ndizvo zvinoVaita kuti vave mukuru.

<sup>53</sup> Zvino regai—regai ndingo... Regai ndimbozvidzokorora kwechinguvana. Chinoita kuti Mwari vave mukuru, imhaka yekuti Vanokwanisa kuZviita vanyoro kwazvo. Ndizvo zvinoVaita kuti vave mukuru. Mwari vakuru, uye vanogona kuZviita muchimiro chiri nyore kwazvo zvekuti vachenjeri venyika ino havagone kuVawana. Havatombokwanisi kuVawana, nekuti Vanozviita vanyoro kwazvo. Zvino tarisai. Uye ichi, pachezvacho, ndicho chakavanzika chechizaruro chaJesusu Kristu. Maona? Ichi, pachezvacho, kuti... Pane... hapangavi nechinhu chikuru kupfuura Mwari. Uye haugone kuita chimwe chinhu kuti chive muhunyoro sezvaVanozviita pachaVo. Munoono, ndizvo zvinoVaita mukuru. Maona?

<sup>54</sup> Zvino, munhu mukuru, anogona kungowedzera kukura zvisvishoma, kana kuti pamwe anogona kuderera oti, “Makadini henyu?” kwauri, munoono, kana zvimwewo zvakadaro. Asi haakwanise kuzvidukupisa. Pane zvinongova paari. Iye munhu. Haatongokwanisi kuzviita mudiki. Nekuti, kana akasvika pakuderera kuva mudiki zvakananyisa, zvino, chinhu chekutanga munoziva, anofanira kunongedzera kune zvakaikwa nemumwewo munhu, uye nezvakadaro. Zvino anobva atanga kuzvidhonzera kumusoro zvakare, munoono.

Asi, nzira yekukwira kumusoro iri zasi, muna Mwari. Hongu.

<sup>55</sup> Vachenjeri venyika vari kuedza, muhuchenjeri hwavo, kuVatsvaga. Vanongokwira bedzi vachibva paVari, mukuita saizvozvo. Munoono, vachenjeri venyika, kana uri kuedza kutsanangura chimwe chinhu nemamwe masvomhu kana zvimwewo. Rangarirai, Vakatozviisa... MuBhaibheri, muna Zvakaza-... Kwete, ndiregerereiwo.

<sup>56</sup> Isaya 35, ndinotenda kuti ndiyo, kuti kunyange yakanyanya—yakanyanya kuva nyore zvekuti kunyange munhu ane—ane—ane misikanzwa anoZvinzwisisa. Maona? Oo, “Kunyange nebhenzi haringarasiki mairi.”

<sup>57</sup> Vakachenjera vanozvipotsa nekure, nehuchenjeri hwavo, vachienda kure naYe, nekuedza kuMutsvaga nehuchenjeri. Zvino, musazvikanganwa izvozvo. Izvi zvichaiswa patepi, munoono. Vachenjeri, muhuchenjeri hwavo, vanoenda kure-kure kwekuti vaedze kuMuwana nehuchenjeri hwavo, vanoMupotsa, munoono. Kana vaigona kukura zvakaikwana zvekuva vanyoro zvakaikwana, vaigona kuMuwana. Kana wakakura zvakaikwana zvekuva munyoro zvakaikwana! Mazviona here? Uye, munoziva, ichocho—ichocho chaizvoizvo ndicho Chokwadi.

<sup>58</sup> Ndakapinda muvanhu, mumahofisi avo, nezvimwe zvakadaro, vakanga vari varume chaivo, vakuru, madzimambo, munoono, nevatongi, madzishe, uye kazhinji kacho ivavo varume

vakuru. Zvino, ndakaenda kunzvimbo uko mumwe muchinda ane hembe dzekuchinja, zvichida mumwe mushumiri aida kuita nharo neni kwekanguva, uye wa—waitofunga kuti nyika haigone kushanda iye asipo, munoono. Uye aka—akangozviturumadza mumusoro, munoono. Asi, mu—munhu mukuru, munhu mukuru anogara pasi oedza kukuita kuti ufunge kuti iwe ndiwe wacho munhu mukuru. Maona? Munoono, anogona kuzvininipisa.

<sup>59</sup> Uye, munoono, Mwari vakuru kwazvo zvekuti Vanokwanisa kuZvininipisa, panzvimbo, yekuti munhu haakwanise kudzika pasi kusvika pairi, munoono. Ndizvo chete. Uye mune kwavo . . .

<sup>60</sup> Uye vari kuedza kuVatsvaga. Zvino honai. Vari kuedza kuVatsvaga nekuendeswa vakomana kuchikoro, uye nekuwana dhigirii reBachelor of Art. Uye—uye vari kuedza kuZvitsvaga nematauriro edzidziso yechitendero che—che—che—cheBhaibheri. Uye vari kuedza kuVatsvaga nehurogwa hwedzidzo, uye nehurongwa hwemasangano, uye nekunakisa zvinhu, nekuedza kutsvaga. Havako ikoko, zvachose. Muri kungorwisana nemhepo, ndizvo chete. Muri—muri kubva paZviri.

<sup>61</sup> Dai vaigona kukura zvakakwana kuti—kuti vave vanyoro zvakakwana, vaigona kuVawana nenzira iyoyo, yokuva vanyoro. Asi chero bedzi makananga kune huchenjeri, muri kuenda kure naVo.

<sup>62</sup> Zvino regai nditore izvozvo kuti murege kuzvipotsa. Chero bedzi muri kuedza kutsvaga Mwari nehuchenjeri, sezvazvaiva mubindu reEdheni, sezvazvaiva mumazuva aMosesi, sezvazvaiva mumazuva a—aNoa, sezvazvaiva mumazuva aKristu, mumazuva aJohane, mumazuva evaapostora, uye nanhasi uno! Pamunoedza kuZvinzwisisa, uye moedza kutsvaga Mwari nehuchenjeri, muri kutoenda kure naVo nguva dzose. Muri kuedza kuZvinzwisisa. Hapana nzira yekuzviita nayo. IngoZvigamuchira. Maona? ChingoZvitenda. Usaedze kuZvinzwisisa.

<sup>63</sup> Handikwanise kunzwisisa kuti sei, izvo, zvino, zvinhu zvakawanda. Hazvisi zvinhu zvakawanda zvandinonzwisisa kana zvandinokwanisa kunzwisisa. Handinzwisise kuti muchinda mudiki uyu akagara pano anodya sei chikafu chimwe chete chandinogona, uye—uye, heuno paari, ane musoro uzere nevhudzi, ini handina kana. Handizvinzwisise. Vanondiudza kuti icalcium inorigadzira; asi handigone kuchengeta nzwara dzangu dzakachekwa zvakakwana, uku ndisina kana bvudzi rekuti ndizogera. Ini—ini handizvinzwisise izvozvo. Sezviri chitaurwa chekare ichi, ini . . .

<sup>64</sup> Kwete kuita sekungoshandura chimiro, hudzamu hwacho; asi, Hudzamu, asi handisati ndangosvika paChisimbiso chete.

<sup>65</sup> Kutu mhau nhema inodya huswa hwegirini, uye yoburitsa mukaka muchena, unoburitsa bhata reyeru! Ini—ini zvechokwadi handigone kuzvitsanangura, munoono. Nekuti,

munoona, chimwe nechimwe chazvo chinobva mune chimwewo. Uye kuti zvinodaro sei, handigone kuzvitsanangura.

<sup>66</sup> Handigone kutsanangura kuti hapa 2 dzinomira sei, kana maruva 2, erudzi rumwe chete, uye rimwe racho rova dzvuku, uye rimwe racho rova reyeru, uye rimwe rebhurauni, uye rimwe rebhuruu. Handizvinzwisise. Riri zuva rimwero paari. Ruvara rwunobva kupi? Maona? Ini—ini handikwanise kuzvitsanangura, asi zvakadaro unofanira kuzvigamuchira.

<sup>67</sup> Ndinoshuva kuti dai mumwe mudzidzi webhaibheri mukuru ainditsanangurira kuti nyika ino yakamira sei mugwara rayo. Ndinoshuva dai maigona nesainzi kundikandira bhora mumhepo, richitenderera, uye moriita kuti ritenderere kechipiri, panzvimbo imwe chete. Hamungagoni kuzviita. Uye zvakadaro izvi zvakanzvisorongwa nenguva yazvo zvekuti vanokwanisa kuziva kuora kwezva kusvikira paminiti chaiyo, makore 20 kubva zvino. Havana wachi kana chiringazuva, kana chero mumwe muchina, wakakwana kudaro. Uye zvakadaro yakamira ipapo. Uye, ipapo, yarerekera kumashure. Ko kana ikatwasanuka zvisihoma? Hongu. Unongozviita benzi, mukuedza, munoona.

<sup>68</sup> Saka, munoona, usaedze kutsvaga huchenjeri, kuti unzwisise. Ingotenda zvaAnotaura. Zvino paunowedzera kuva munyoro, zvino ipapoka, unoZviwana. Zvino, ndinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo, kutenda kuti Vari, VakaZviita vanyoro. Zvino, tinoona, chitsauko 6 vhesi 9. Regai nditange zvino.

*Zvino akati azarura chisimbiso chechishanu, ndakaona pasi pearitari mweya yavanhu vakanga vauraiwa nokuda kweshoko raMwari, uye nekupupura. . . vaiva nako:*

<sup>69</sup> Cherechedzai, hapana kutaurwa nezvechimwe Chipuka, kana Chisikwa chipenyu—chipenyu, pakuziviswa uku kweChisimbiso Chechishanu. Zvino rangarirai, chaivepo, paChisimbiso Chechina. Chaivepo, paChisimbiso Chekutanga, Chechipiri, Chechitatu, neChechina, asi apa hapana. Maona?

<sup>70</sup> Zvino, kana mukacherechedza, ngatimboverengai kumashure, chimwe cheZvisimbiso. Ngatidzokerei kuChisimbiso Chechina, munoona. Uye ivhesi 7.

*Akati azarura chisimbiso chechina, ndakanzwa izwi rechipuka chechina chichiti, Uya. . . uone.*

*. . . akati . . . azarura chisimbiso chechitatu, ndakanzwa inzwi re—rechipuka chechitatu chichiti, Uya uone.*

*. . . chechipuka chechipiri . . . Uya . . . uone.*

*. . . uye chipuka chekutanga chikati, Uya uone.*

<sup>71</sup> Asi zvino kana tasvika paChisimbiso Chechishanu, hapana Chipuka. Zvino chingocherechedzai.

*Zvino akati azarura chisimbiso chechishanu,  
ndakaona pasi pearitari. . .*

<sup>72</sup> Nekukurumidza chaiko! Munoona, hapana—hapana Chipuka ipapo. Zvino Mhuka inomiririra simba. Tinozviziva, munoona. Hapana Chisikwa chipenyu.

<sup>73</sup> Zvino, chimwe cheZvisikwa izvozvo, tinoona, mukunzvera chi—chi—chizaruro mumachechi, kuti chimwe chazvo chaiva ne. . . chaiva shumba; uye chimwe chacho—chimwe chacho chakanga chiri nzombe; uye chimwe chacho chakanga chiri munhu; uye chimwe chacho chakanga chiri chapungu. Tinoona, mumazera ekereke, kuti Zvipuka 4 izvozvo, zvichireva masimba 4, zvaive zvigere zvakakomba Mabasa eMuapostora, sezvakangoitawo ta—tabhenakeri murenje. Uye munozvinzwisisa, nekuti handisi kuzotora nguva yekupinda mazviri. Madhirowero atakazviita pano, uye tikanyatsoratidza zvimwe chetezvo! Zvakanga zvakarindira iRi, Gwayana neShoko, kuita Shoko sezvavakangoita a—areka yesungano muNzvimbo Tsvene murenje, nezvimwe zvakadaro.

<sup>74</sup> Zvino, takatoratidza nenzvimbo, nemavara emarudzi eIsraeri, uye ne. . . Vangani vakanzwa mazera 7—7 ekereke? Ndinofunga vazhinji, hafu, zvikamu 2 kubva mune 3 zvenyu. Cherechedzai, kuti kunyangwe hunhu hweChipuka hwaive chaihwo chiratidzo cherudzi, nzira iyo 4 izvi. . . magariro emarudzi 12, 4 kurutivi rumwe norumwe, kana—kana marudzi 3 kurutivi rumwe norumwe. Uye Zvipuka 4 zvakagara uye zvakatarisa, marudzi aya, kubva kune mativi ose ari 4.

<sup>75</sup> Uye, apo, patakaenda tikanotora Evhangeri, tikanyatsoratidza chaizvo. Paunopinda muareka, zvakanga zvichirinda areka, sungano. Uye zvakare tinoona kuti sungano yeChechi itsva, chinoImiririra panyika, waive Mweya Mutsvene. Ropa rakanga radzosa, kwatiri, Mweya Mutsvene. Uye Zvipuka 4 izvi zvaimiririra, uye sema—marudzi 12 eIsraeri, sezvayakarinda. Zvino ndokuwana hunhu hwazvo, zvino nekutara hunhu humwe chetehwo tohuunza kune imwe neimwe yamaEvhangeri 4 aya, chaizvoizvo, zvakanga zvakafanana chaizvo. Imwe yakataura kushumba, imwe yacho kunzombe, uye imwe. . . maEvhangeri 4! Hezvoka izvo. MaEvhangeri 4 aya ndiwo chengetedzo yeMweya Mutsvene. Amen.

<sup>76</sup> Ndinongogara ndichifunga. . . Zvakagara neni. Zvino, aya ave makore angangoita 6, ndinofunga, kubva pandakanzwa murume mukuru achiti zvaive. . . “Mabasa avaApostora aingova zvimisikidzo.” Ndakazvinzwa zvichitaurwa kakawanda. Asi kunzwa munhu ane chimiro chake, somuparidzi pamwe nemudzidzisi, akanyora mamwe emabhuku ane mukurumbira anoverengwa nevanhu kwese-kwese, uye nokutaura kuti

Mabasa eVaapostora akanga asingakodzere chaizvo kudzidziswa kuChechi!

<sup>77</sup> Apo, Mabasa eVaapostora acho ari iwo nheyo chaiyo yaYo; kwete zvimisikidzo. Nheyo! Nekuti, Bhaibheri rinotaura kuti nhe—nhe—nhe—nheyo yaMwari “yakavakirwa paDzidziso yevaapostora,” ndizvozvo, “Kristu, Musoro, Dombu Repakona.”

<sup>78</sup> Zvino muchinda uyu paakamira ipapo ndokutaura chirevo ichi, nda—nda—nda—ndakango... Moyo wangu wakangokundika. Zvino ndakafunga, “Ndosaka.” Zvino, ndinoona zvino, muZvisimbiso. Zvainge zvisina kungozarurwa bedzi. Ndizvo zvoga. Maona?

<sup>79</sup> Saka, izvo, hapo pazvaive, zvakamira ipapo, asi paiva nechimwe chinhu chaingotaura izvozvo. Zvino, cherechedzai, zvinorinda.

<sup>80</sup> Zvino, patakatora Mateo 28:19, uye tikatarisa nyaya yacho nemuna Mateo, aimiririra shumba. Uye tichiuya, imomo, takaona chaizvo kuti sei vachibhabhatidza nemuZita raJesu Kristu. Zvino hapo paAiva, akamira ipapo neGwaro iroro chairo, kuti agorinda ruvimbo rwakayereswa rwerubhabhatidzo, rweZita raJesu Kristu. Zvakanaka. Zvinoka, ndiri kutsaukira pamazera echechi zvino.

<sup>81</sup> Cherechedzai. Asi, pano, kana tasvika kuChisimbiso Chechishanu ichi zvino, ha—ha—hakuna mutasvi anobuda, uye hapana Chipuka chinoChizivisa. Johane akango... Gwayana rakaChizarura, Johane ndokuChiona. Pakanga pasina munhu ipapo wekutaura kuti, “Zvino huya, tarisa. Huya, uone.” Cherechedzai, hapana simba reChisikwa chipenyu. Kana kuti kune... .

<sup>82</sup> Uye paChisimbiso Chechitanhatu, hapana Chipuka chinoChizivisa. Uye paChisimbiso Chechinomwe, hapana Chipuka chinoChizivisa. Hapana masimba anoChizivisa. Munoono, hapana anozviita. Pane... Tarisai. Pane... Mushure meChisimbiso Chechina, hapana chiziviso nesimba rechero Chipuka, kubva paChisimbiso Chechishanu, Chechitanhatu, kana Chechinomwe, kwete zvachose.

<sup>83</sup> Zvino cherechedzai. Ndinozvida izvi. Semunguva dzemutasvi wemabhiza 4 aya, mutasvi (mumwe chete) wemabhiza 4 akasiyana, paive neChipuka chakazivisa simba. Nguva yese mutasvi uyu paaigara pane rimwe bhiza oenda akatasva, imwe mhando yeChipuka chaibuda chozvizivisa, “Ichakavanzika chikuru.” Maona? “Ndicho chakavanzika chacho.” Sei? Kuzivisa chakavanzika.

<sup>84</sup> Sei pasina chimwe apa paChisimbiso Chechishanu, chinoChizivisa? Hezvinoi izvi, maringe nechizaruro chandapihwa naIshe Jesu nhasi, munoono, kana kuti mangwanani ano, mambakwedza. Ndiko kuti, iko, chakavanzika chemazera echechi chakapedziswa kare, panguva iyi.

Chakavanzika chaantikristu chakatozarurwa, panguva iyi. Antikristu akaita kutasva kwake kwekupedzisira, uye takamuwana ari pabhiza pfumbu iri, rakasanganiswa nemavara ake mazhinji, uye anotasva nzira yose achinopinda mukuparadzwa.

<sup>85</sup> Tinozviwana paHwamanda, nezvimwe zvakadaro, patinozvidzidzisa. Ndingaenda kwazviri zvino, asi tinobva tabva pachidzidzo zvakare. Uye isu—isu tinoenda . . . anotasva . . .

<sup>86</sup> Ndicho chikonzero pasina munhu ipapo. Zvino, isu hatina chikonzero chakanyorwa, zvimwe zvikonzero zvechimwe chinhu. Zvino, munorangarira, pekutanga, pamavambo, ndakati hapangavi nechinhu pasina chikonzero. Muchangarira here kadonhwe kadiki keingi? Maona? Zvino unofanira kuwana chikonzero. Saka, paive nechimwe chikonzero chekuti vaisafanira kuva neChipuka, kana simba, rekuzivisa Chisimbiso ichi chichiparurwa. Uye Mwari bedzi ndivo vanogona kuzarura kuti sei, ndizvo zvoga, nekuti iZvo zvose—zvose zviri maVari.

<sup>87</sup> Asi chikonzero chaVanoChizarurira, sokunzwisisa kwandinoita, imhaka yekuti chakavanzika cheBhuku reRudzikinuro, maererano nekuzarurwa kwaantikristu; zvino panguva imwe cheteyo, Chechi inenge yaenda, uye zvinhu izvi hazvitomboitike muzera rechechi, zvachose. Ndizvozvo chaizvo. Zviri—zviri kure nezera rechechi. Chechi yakaBvutwa zvamazvirokwazvo, panguva iyi. Chechi inokwira kumusoro, muchitsauko 4 chaZvakazarurwa, uye haidzoke kusvikira Yadzoka naMambo waYo, muchitsauko 19. Asi Zvisimbiso izvi pano zviri kuzarura zvakange zviripo, zviripo, uye nezvichazovapo. Maona? Uye, zvino, zvaizova zvezera rechechi, zvakazarurwa neZvisimbiso izvi. Uye zvino tarisai kuti chii chinoItora.

<sup>88</sup> Ma—matanho 4 emutasvi wake akazarurwa. Matanho 4 aantikristu, achitasva, akazarurwa panguva iyi, nokudaro havachazofaniri kuva nemamwe zvakare.

<sup>89</sup> Zvino paiva neZvisikwa zvipenyu 4 zvaMwari, kuzivisa mutasvi pavaitasva. Zvipuka 4 ndiwo masimba 4. Zvino, tinoziva kuti *Mhuka*, nekududzirwa kwemataurirwo emifananidzo yemuBhaibheri, zvinoreva kuti “simba.” Zvino, ngatizviswededezi pedyo. Izvi 4 Zvipuka, muBhaibheri, zvinomiririra simba pakati pevanhu.

<sup>90</sup> Zvino, kana tikaona, semuna Dhanieri, paakaona imwe nyika ichisimuka, zvichida chaiva chitsere chakabata mbabvu parutivi rwacho, mumufananidzo. Akabva aona rimwe simba richisimuka, mbudzi. Yaimiririra chimwe chinhu. Akabva aona rimwe simba richisimuka, zvino—zvino yakanga iri mbada ine misoro mizhinji kwazvo. Yaimiririra humwe Humambo. Akabva aona imwe ichisimuka, shumba huru yakanga ine meno, ndo—ndokutsika—tsika zvakanga zvasara. Izvozvo zvaimiririra

simba rakasiyana, zvachose. Rimwe raive hu—humambo hwaNebhukadhinezari; uye rimwe, mhando ye—yehope. Dhanieri akaona chiratidzo; Nebhukadhinezari akarota hope. Asi Dhanieri akadudzira hope dzake, uye dzainyatsoenderana nechiratidzo.

<sup>91</sup> Ameni! Fiyuu! Oo! Kana muchingoziva zvakaitika! Chii chakaitika tisati tabva pano? Manzwisisa here? Handiti, zviroti 6 zvakananga zvakauya pamwe chete chaizvo nechiratidzo. Ameni. Maona? Chiroto, chikadudzirwa, chitori chiratidzo. Nekuti munhu zvichida asina kuzvarwa aine hana yemukati yekuti agare, ange akasvinura paanochiona, zvino Mwari vanopinda muhana iyi yemukati vobva vataura naye. Zvinova, zvaVakavimbisa, muzviroti, mumazuva ekupedzisira, Vaizoshanyira vanhu, uyewo nemuzviratidzo. Maona?

<sup>92</sup> Zvino, chiratidzo ndipo paunenge wakanyatsosvinura, wakamira chaizvo sezvizvi, uye zvimwe zvinhu zvobva zvazarurwa. Uye womira, wovataurira nemazvo pamusoro pazvo; woona zvakaitika, uye nezvichazoitika, nezvimwe zvakadaro.

<sup>93</sup> Asi, zvino, chiroto ndeapo paunenge wakarara, uye pfungwa dzako 5 dzisiri kushanda, uye uri—uri muhana yako yemukati. Uri kune imwe nzvimbo, nekuti, paunodzoka, unorangarira kwawanga uri, unozvirangarira hupenyu hwako hwese. Maona? Saka, ihana yako yemukati. Zvino kuitira kuti, munooona . . .

<sup>94</sup> SaCongressman Upshaw vaisitaura kuti, “Haugone kuva chimwe chinhu chausiri.” Uye ndizvozvo chaizvo, munooona.

<sup>95</sup> Uye, zvino, kana wakazvarwa uri muoni. Zvino, munooona, kuita izvozvo, hana 2 idzi dzinofanira kunge dziri pamwe chete chaipo; kwete kuti imwe iri *apa* ine pfungwa 5, ichishanda, imwe yacho iri kunze *kuno* iwe wakarara nepfungwa 5 idzi dzisiri kushanda. Asi, munooona, kana dzose dziri mbiri, wakazvarwa, dziri pamwe chete, haukotsire. Unongobva kune imwe uchienda kune imwe yacho, sa—saizvozvo. Haukotsire. Hapana mukana wakakwana wekukotsira. Uye haugone kuzviita iwe pachako nenzira iyoyo.

<sup>96</sup> Saka, “Zvipo nekudanwa zvakafanotemerwa naMwari.” Zvi—zvipo zvaMwari uye nekudanwa, kunyangwe “pasina kutendeuka,” Bhaibheri rakadaro. Maona? Zvakagadzwa nyika isati yavambwa. Maona?

<sup>97</sup> Zvino, zvino, tinoona kuti . . . Chikara, chaDhanieri, chaireva kuti raiva simba raisimuka pakati pevanhu. Zvakanaka. Uye—uye zviratidzo zvaJohane pano, zvakare, zvakaraidza kuti aive masimba, marudzi aisimuka. Sezviri, United States inoonekwa muna Zvakazarurwa 13, segwayana. Uyezve kana uchida kuziva, zvakasiyana . . .

Unoti, “Asika, izvo, zviru kutaura nezvesimba renyika.”

98 Zvinomiririrawo simba dzvene, zvakare, chipuka. Manga muchizviziva here?

99 Cherechedzai Rabheka; apo—apo mu—muranda waAbrahama, Eriezeri... Paakauya kuzotora Rabheka, iye... Akamukwidza pangamera, ngamera yacho chaiyo yaakapa mvura. Zvino akatasva ngamera iyi, kuti asangane nechikomba chake chaakanga asati aona. Chinhu chaicho chaakapa mvura, ndicho chinhu chakamuendesa kumusha waive mberi pamwe nemurume wake.

100 Uye ndizvo zvimwe chetezvo nhasi, munoona. Chinhu chaicho chiri kudiridzirwa neChechi, ndiyo Mbeu, Mbeu yeShoko. Ndiro Shoko chairi rinova benyu uye rinotitakura kuenda kuChikomba chedu chisakaonekwi. Maona? Maona?

101 Uye tarisai kuti zvakakwana sei. Isaka akanga abva pamba, uye akanga ari kunze mumunda, kure nemusha wake, Rabheka paakamuona.

102 Zvino Chechi inosangana naKristu mumhepo, uye zvakare AnoMutora odzokera naye muMusha, Musha waBaba, uko kwakagadzirirwa mizinda. Isaka akatora Rabheka nenzira imwe cheteyo.

103 Zvino, cherechedzai, rwaiva rudo pakungoonana kekutanga. Oo, ini zvangu! Akangomhanya kunosangana naye.

104 Uye ndiyo nzira iyo Chechi ichasangana naKristu, mumhepo, uye igova naYe nokusingaperi.

105 Zvino, pakutaura kweBhaibheri, Zvipuka izvi masimba. Cherechedzai. Ndinoda, zvino, ndinoda kuti mucherechedze.

106 Dhiyabhore aiva nezvikara zvake 4, zvinoshanduka, mavara, zvekuenda akatasva. Aiva nezvikara zvake 4. Aingove ose ari 3, akaiswa muruvara rwe 1 racho, ndokuita riya 1 bhiza pfu—pfumbu; bhiza jena, bhiza dzvuku, bhiza dema. Uye takaona, rimwe nerimwe rawo raiva danho reshumiro yake, danho rechechi yekutanga yakanga yaumbwa kuva sangano, paNicaea. Chechi yePentekosti yepamavambo, iyo yakadururwa Mweya Mutsvene pairi, ichidzika, yakatora mweya waantikristu, ikaumba sangano, ikabereka vamwe vanasikana vesangano. Achishandura simba rake, ka 3, ndokuaisa mune 1, ndokugadzira bhiza pfumbu. Uye zvakare ndokupihwa zita rinonzi Rufu, ndokuritasva achipinda muna Ziyendanakuenda. Zvingori pachena sezvazvingava! Zvino, zvino cherechedzai, anopihwa bhiza iri—iri, uye akaritasva.

Mwari, Mwari vanewo, zvakare, senguva dzose. . .

107 Zvino tarisai. Pakaonekwa antikristu, kutanga, akaonekwa ari munei? Bhiza jena. Munoona, handiti, asina mhosva sezvaangave, ingori dzidziso muchechi. Vaida kuwadzana. Kuwadzana kwenyu kuri pamwe naKristu. Asi vaida kuwadzana. Vakanga vasingatongozvidi, vaida kuwana. . .



108 Zvino, munoziva, sezvkwata zvidiki zvinosimuka muchechi. Imi, munozvziva, imi vafundisi. Maona? Ivo, sezvavanotaura, “Dzinofura nzivani.” Asi kana takazvarwa patsva, hama, iwayo—handiwo maitiro ekuti tive nawo, munoono. Kwete. Zvino, isu—isu—isu. . .

109 Kana tikaona chimwe chinhu chakatsveyama muhama dzedu, ngatingonamatai uye tozvichengeta pamberi paMwari, uye toda munhu iyeye kusvikira tamuunza muHupo hwaMwari chaimo. Maona? Ndiyo nzira, chaiyo nzira yekuzviita nayo.

110 Munoziva, Jesu akadaro. “Kuchava nemasawi imomo,” nokuti Jesu akati aizoveko, “asi musaadzura; muchatora gorosi pamwe chete nawo.” Munoono, “Ingozvisiyai zvakadaro.” Vachaita. . . Regai iYe azopatsanura kana nguva yacho yasvika. Maona? Zvose ngazvikurirane pamwe chete.

111 Cherechedzai, paibuda chikara ichi, antikristu aibuda ari pachikara, simba rake.

112 Oo, ndinozvida izvi! Ndatongotanga kunzwa manyukunyuku ekunamata iko zvino, munoono, pamwe ndiko kutekenyedzwa kwacho. Cherechedzai, apo antikristu. . . Oo, izvo—izvo zvizaruro, muHupo hwebhora reMoto riya rakarembera mukamuri imomo! Kusvikira. . . Oo, hama! Kunyangwe ndakaUona, kubva ndichiri mudiki, pese paUnouya pedyo neni, Unondivhundutsa. Anotopotsa andiisa muchinhano chokufenda. Haumbofa wakaUjaira; haugone. Unoyera zvakanyanisa.

113 Cherechedzai, apo antikristu achienda ari (4) pazvikara zvake zveshumiro, ipapo, Mwari vakatuma Chipuka kuzochirwisa. Maona? Zvino tarisai. Ipapo, nguva dzose (chikara chaitasva) pabhiza racho, antikristu aitasva pabhiza rake, pachikara chake, kuti azivise shumiro yake; Mwari vakatumira Chipuka chaVo, zvakare, uye Vakanga vari pane Ichocho, kuti vazivise kurwisa kwaVo kwachiri.

114 Zvino, Magwaro anoti, “Kana muvengi akauya semafashamu, Mweya waMwari unosimudza chihero uchipikisana nawo.”

115 Zvino saka muvengi paakabuda saantikristu; Mwari vakatumira imwe mhando yesimba kunze kundosangana naye. Uye zvakare pavaka. . .

116 Akabuda zvakare, semutasvi webhiza dzvuku, rimwe ruvara, rimwe simba, imwe shumiro; Mwari vakatumira chimwezve shure kwake, kuzochirwisa, kubata Chechi yaVo.

117 Akatumira chechi 3; zvakare, Mwari vakatumira chaVo, Chipuka chechi 3 chakauya ndokuchizivisa.

118 Akatumira chechi 4; Mwari vakatumira chaVo chechi 4. Ndokubva antikristu azoguma, mazera echechi ndokuperawo,

zvakare, panguva iyoyo. Tarisai. Zvino, oo, izvi zvakanaka chaizvo!

<sup>119</sup> Zvino, tinoona kuti dhiyabhore ari kushandura, zvikara 4—4 izvi, zvaireva simba ravakazarurirwa kune . . . kana kuti simba raakaraidza kunyika, uye kuti vakazoguma sei vave pabhiza pfumbu iri, “rufu.”

<sup>120</sup> Zvino ngatitarisei masimba aMwari, eZvipuka izvi, kuti agozvirwisa.

<sup>121</sup> Chipuka chekutanga chaMwari, chaVakabuda kundasangana nacho naantikristu, mweya waantikristu uchingori mudzidziso yake. Zvino rangarirai, antikristu paakatanga kutasva, aiva mushumiro yekudzidzisa. Antikristu akatasva, kutanga, mushumiro yekudzidzisa. Zvino tarisai chacho chakaenda kundasangana naye: shumba, Shumba yerudzi rwaJudha, inova Shoko. Pakabuda dzidziso yake yenhema, Shoko rechokwadi rakaenda kundasangana naye.

<sup>122</sup> Ndicho chikonzero takava naIrenaeus, naPolycarp, ne—ne—ne—nemachinda iwayo, Mutsvene Martin.

<sup>123</sup> Antikristu uyu paakatasva aine dzidziso yake yenhema; Mwari vakatumira Dzidziso yaVo, Shoko, Shumba yerudzi rwaJudha, inova Shoko rakaratidzwa muMweya Mutsvene. Zvino Mweya Mutsvene, uripo, kuti uZviratidze, unova uri Shoko!

<sup>124</sup> Ndicho chikonzero Chechi yekutanga yaiva nekupodza, nezvishamiso, nezviratidzo, nesimba, imhaka yekuti rakanga riri Shoko benyu, riri muchimiro cheShumba yerudzi rwaJudha, ichitasva ichienda kunorwisa izvozvo. Amen! Zvino mazvibata here? Anotumira simba rake, antikristu; Mwari vanotumira raVo, Shoko. Antikristu, dzidziso yenhema; Dzidziso yechokwadi yakaenda nayo, kundoirwisa! Zvino, ndiyo yaive yekutanga. Zvino, iyi yakanga iri Chechi yekutanga, yavaapostora, yakaenda kundasangana naye.

<sup>125</sup> Zvino, chikara chechi 2 chakatumirwa naantikristu, chaiva chikara chitsvuku, icho chaizo . . . icho chaakatasva pachiri, chakanga chiri kuzitora rugare (uye) kubva panyika, ne—nekuita hondo.

<sup>126</sup> Zvino, chechi 2 chakaenda kundorwa naye, chaiva Chipuka chenzombe. Nzombe zvinoreva mutoro webasa, Mhuka inotakura mutoro.

<sup>127</sup> Uye zvino kana tikambomira kwechinguvana. Regai, hongu, regai, kungoitira kuti muve nechokwadi chekuona izvi zvino. Zvino, ndiyo mhando inogona kukuvhiringidzai zvishoma. Asi ngatiunzei Tiatira neche kuno. Tarisai muone kana isiri Chechi ino—ino—inoshanda nemitoro, munoona.

*Zvino kumutumwa wekereke yepaTiatira nyorera uti;  
Zvinhu izvi zvanzi noMwanakomana waMwari, uyo*

meso ake akaita semirazvo yomoto, netsoka dzake dzakaita sendarira inopenya;

*Ndinoziva mabasa ako, . . .*

<sup>128</sup> Munoono, zvichiva mabasa ose zvino, munoono, nokuti ndiye akanga akatasva pamwe naye.

*. . . norudo rwako, nokushumira, (munoono, zvose zvakango. . .) nokutenda, uye. . . nekutsungirira, uye nemabasa ako (zvakare, kaviri, “mabasa ako”), uye okupedzisira anopfuura okutanga.*

<sup>129</sup> Munoono, zvinoratidza kuti, Zera reTiatira, mushure mekunge antikristu agadzikana uye apinda muZera reTiatira, Chechi duku hapana chayaigona kuita kunze kwekunge—kungushanda chete.

<sup>130</sup> Uye chimwe chinhu, nzombe, zvakare, iMhuka yechibayiro. Maona? Vakapa hupenyu hwavo zviri pachena sezvavaingogona kupa, mumazera erima, makore 1,000 ipapo chiKatorike ndicho chaitonga pasi rose. Uye vakabva vangopinda, hongu kana kwete. Vakanga vasina basa nekufa. Kana rwaiva rufu, zvakana. Vaienda vonofa, zvakadaro. Sei? Mweya wacho chaiwo wezera!

<sup>131</sup> Ndicho chikonzero ivo, ndicho chikonzero Irenaeus, ndicho chikonzero Polycarp, Johane, Pauro, varume vaya vakuru uye vane simba kunze uko, vachirwisa chinhu ichi!

<sup>132</sup> Pauro akazviona. Akati, “Ndinoziva, kuti mushure mekuenda kwangu, kuti mhumi dzichapinda pakati penyu, hama, dzichidzidzisa zvinhu zvakatsauka, uye zvichakutsautsai.” Tarirai muapostora mudiki uyu, ane kurevesa kwakadzama, akwegura amire ipapo, musana wake wakazara mavanga ekurohwa, maziso ake akajenga musodzi. Asi aigona kuona zviri kure kupfuura zvavo. . . sikopu iyo yaizviratidza kure uko, zvekuti vanogona kuona kunosvikwa nechiedza mumakore 120,000,000. Iye aigona kuona kusvika muna Ziyendanakuenda. Hoyoka uyo. Zvino akafanozvitauro uye akati ndizvo zvaizoitika. Uye akatiwo, zvakare, akaburukira kune rimwe zera raizouya. Zvino cherechedzai, hoyo uyoka.

<sup>133</sup> Kwakazouyawo, mushure make, Mutsvene Johane akararama kwenguva refu kudarika vose. Zvino Mutsvene Johane paakanga achiedza kutora Tsamba dzose tsvene, akazodzwa neMweya Mutsvene, nekudzibatidza pamwe chete nekugadzira Bhaibheri, humambo hweRoma hwakamubata ndokumuisa paChitsuwa chePatimosi. Akanga ari kunze ikoko paChitsuwa chePatimosi nokuda kweShoko raMwari. Polycarp akanga achimubatsira kuridudzira.

<sup>134</sup> Ndakaverenga, rimwe zuva, tsamba iyo Maria pachake akanyorera Polycarp. Uye achimutsiura. . . kwete kumutsiura. Asi achimurumbidza nekuda kwekuva murume mhare aigona

kudzidzisa nekugamuchira dzidziso yaJesu Kristu, uYo akaberekwa naye, kubva kuna Mwari. Tsamba yaMaria mbune yaakanga anyorera Polycarp.

<sup>135</sup> Polycarp akadyiswa kushumba, munoziva. Kwete, akapiswa. Nguva ya—yainge yaperesa kuti vasunungure shumba munhandare, zvino saka vakapwanya kamuri yekugezera, imba yekugezera yekare ikoko, ndokumuisa mu—mu—munhandare ndo—ndokumupisa.

<sup>136</sup> Zvino ari munzira yake, achiuya zasi, akanga achifamba akatsikitsira musoro wake. Mukuru wezana wechiRoma akati, “Iwe uri mutana, uye anoremekedzwa. Wadii wangoramba chinhu ichi?”

<sup>137</sup> Akangoramba akatarisa Kudenga. Zvino Izwi rikataura richibva kune imwe nzvimbo. Vakadadza kunzwisisa kuti ndekupi. Rikati, “Polycarp, usatya. Ini ndinewe.” Uh-huh. Sei? Akanga akamira neShoko iroro.

<sup>138</sup> Zvino pavakatanga kuunganidza mapuranga paari, kuti vamupise, pakava nemumhanzi weKudenga wakadzika. Uye—uye nziyo dzinobva kune dzimwe Ngirozi pane imwe nzvimbo dzakaimba rwiyo. Haana kana kumbobwaira ziso rake kumuseki.

<sup>139</sup> Ndivo varume mhare. Ndivo varume vanogona kumira. Vakafira chitendero zvichidzika nemumazera, ikoko, vakatambudzika zvakaomarara. Asi vaiva chii? Vakanga vari pasi pekufemerwa, Mweya waMwari, simba. Ini . . .

<sup>140</sup> Musakanganwe izvi, chechi. Uye nemi hama, patepi, ndinoda kuti muongorore izvi. Vanhu vaizogona sei kuita chimwewo chinhu kunze kwesimba raMwari rakanga ratupfunurwa kwavari? Ndichaisa bhokisi iri kumusoro kuno, kuti rimiririre izvozo. Kana Mwari vakatumira mumwe Mweya pakati pavo, ndicho chinhu choga chavanogona kushanda nacho, Mweya unoshanda pakati pavo. Zvino tichakuratidzai, nenhoroondo yeChechi, uye neku—kuzarurwa kweZvisimbiso, nemasimba anosunungura; uye tarisai, chaizvoizvo, Chechi yakadairira kuchi—chizoro ichi, uye hapana chimwe chavaikwanisa kuita.

<sup>141</sup> Zvino, chekutanga chaiva shumba iya yakadzvova, Shoko riya rakachena, risina kusvibiswa.

<sup>142</sup> Chechi 2, muTiatira, chakanga chiri nzombe. Uye Yakanga iri yaka—yakapiwa mutoro...Mhuka inotakura mutoro. Ndiregerereiwo. Uye Yaivawo Mhuka yechibairo. Zvino handizvo here chaizvo zvaiva zviri Chechi diki, inonzwisa urombo iyi? Roma yakanga yagara zasi ikoko, kwemakore 1,000 emazera erima, uye chinhu chose chaisataura kuva chechechi yeRoma chairayiwa pakarepo. Zvino vaifanira kushanda, kuenda kunzvimbo nenzvimbo.

143 Imi maMason, ndinoda kuti mucherechedze. Munoyeuka here chiratidzo chemuchinjikwa? Zvino muno—munoziva zvandiri kutaura nezvazvo.

144 Zvino cherechedzai. Zvino, kana imi—kana imi mukacherechedza, kwaiva kutakura nekuchengetedza Bhaibheri iroro. Maona? Uye vaifanira kushanda nesimba pamwe chete. Hezvoka izvo, nzombe. Uye nguva payasvika . . . Takazviverenga manheru apfuura. Munoono, chinhu chacho pachakabuda, uye chibaiyiro pachakauya, uye vakatozoenda.

Akati, “Usakuvadza waini neMafuta.”

145 Chii chavakaita? Vakafamba vachida ndokuendako ndokufa. Havana kuita hanya nazvo, nokuti Mweya weChechi muzuva iroro waiva kuzvipira, kushanda zvakaomarara. Zvino vakafamba vachiuya vakangosununguka sezvavaigona kufamba, vakazodzwa neMweya waMwari wechokwadi wezera iroro, ndokufa semagamba, chibaiyiro; zviuru zvakaipetwa zviuru, 68,000,000 avo vakanyorwa pasi.

146 Nzombe, chibaiyiro! Oo, ini zvangu! Munozvinzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Zvakanaka. Zvakanaka. Zvakanaka. Uye chibaiyiro, yaingokwanisa kushanda zvakaomarara muzera iroro, kurwisa kupikisa kukuru kwemakore 1,000 iwayo.

147 Zvino, chikara chechi 3 chakabuda kubva kuna dhiyabhore, raiva bhiza dema iri. Maona?

148 Zvino, Chipuka chechi 3 chakabuda, simba rakabva kuna Mwari, kuzorwa naye, kuzorwisa masimba ebhiza dema; aive ari murume, ane mano, akatesva njere, ane huchenjeri hwaMwari. Munoziva, munhu akangwarisa, kupfuura chero mhuka ipi zvayo. Maona? Akangwara zvakadarika, nekuti anogona kumukunda pamafungiro, kazhinji. Ane mano, akangwara. Maona? Uye iye . . .

149 Ze—zera, kubva muzera rerima, zvino kubuda kubva muzera rerima; zvino, rumwe rutivi urwu, paifamba bhiza dema iri rakatasvwa, pavakabhadharisa zviyaiyiro zvavo—zvavo—zvavo—zvavo nezvose zvavakaita. Uye mari yaingo . . . Oo, munoziva zvazvaiva.

150 Zvino, chinhu chinotevera chakabuda, kunorwisa ichocho, chaiva Chipuka chine chiso chemunhu; akangwara, akadzidza, ane mano, akanaka, akazodzwa neMweya wezuva iroro. Mazvicherechedza here? Zvino, akaenda kunomurwisa, nehungwaru wehuchenjeri hwaMwari naye. Ndiro raive zera rekuvandudzwa, Martin Luther, John Wesley, nevamwe vakadaro. Munoono, kwaive kuvandudzwa. Zwingli, uye, oo, avo vose, Knox, Calvin, navose, munoono, vakabuda. Hwaive hungwaru. Uye zvino, tarisai, chaizvo kubva muzera rerima, kubva mukuvandudzwa, nenzira iyi, tarisai, hwaiva huchenjeri hwemunhu.

151 Mukangoti dzikisei mahwindo enyu zvishoma! Ndinotenda kuti vanhu vava kuti piswei zvishoma, hongu, zvichida, mukati umu. Kana mukangodzika mahwindo pasi zvishoma! Nekuti, ndinoziva, kana ini ndakamira pano ndichiparidza, ndichitsva, ndinoziva kuti nemiwo munotofanira kuve makadaro, kunze uko.

152 Zvakanaka, cherechedzai, hwaiva huchenjeri hwemunhu. Zvino, manzwisisa here?

153 Chikara chechi 3 chakatumwa naSatani, chakavawo nemano, zvakare. Tarisai, “Chiyero chegorosi nedhinari. Zviyero 3 zvebhari nedhinari.” Maona? Oo, ini zvangu! Maona? Hurongwa hwekuita nahwo mari, kungwarisa kwacho, kwekuwana goridhe renyika, uye nehupfumi, huchiunzwa mairi. Ndizvo chaizvo kuzadzisa. Ndizvo zvakavamba kubhadharisa minamoto. Uye nokuda...Ndokugadzira nzvimbo inonzi purigatorio, uye vakanamatira madzitateguru avo vabude. Uye, oo, waitofanira kupira gwaro remvumo kunhaka yako nezvose, pfuma yako. Chechi, uye yaive hurumende, zvakanga zviri zvimwe chete, zvino chechi yaizotora pfuma yako.

154 Uye hamuone here, vamwe vevavhangeri ava, nhasi uno, vachine chizoro chimwe chetecho pavari? Vachiita kuti vakweguru vasarende penjeni dzavo, nekushandisira magwaro emvumo kumisha yavo kune zvimwe zvinhu. Manjeka, hama, ini—ini handisi kuda kupinda mazviri, munoona. Asi zvino ndichagara chaizvo neizvi; ndinotarisa kumashure kuti ndione kwandiri kuenda. Zvino cherechedzai, varume ava, zviri kwavari. Zviri kwavari. Izvozvo—izvozvo—izvozvo hazvina kana chinhu 1 chokuita neni. Ini ndinongodavirira kune iZvi pano.

155 Zvino cherechedzai, chi—Chipuka chakauya kuzochirwisa, zvino, chaive munhu. Uye tese tinoziva kuti Chipuka ichi, chemunhu, simba iri remunhu, munjere dzake, akacherechedza kuti kosha iyi yakanga yakabatwa naMartin Luther muruoko rwake, paaikwira masitepisi iwayo . . .

156 Ivo vakati, “*Iri* ndiro Ropa raJesu Kristu. *Uyu* ndiwo muviri waJesu Kristu.”

157 Zvino Luther akazvikandira pasi, akati, “Ichingwa newaini izvi. Hausi mutumbi waKristu; nekuti, wakaendeswa kumusoro, uye wakagara kuruoko rwerudyi rwaMwari, uchireverera.” Munoona, huchenjeri; munoona, munhu.

158 Zvino John Wesley paakazouya, mushure mekunge Zwingli apinda, naCalvin.

159 Uye vakasvitsa chechi panzvimbo, pachengetedzo, kusvikira vasisade rumwezeve rumutsiro. “Chero zvazvichava ndizvo zvazvichava.” Ndizvo zvoga. Uye vakangorarama chero mhando yehupenyu. Chechi yeLutherani yakatsveyama zvikuru, uyewo nechechi yeAnglican! Oo, ini zvangu! Nyika yose yakava nehuwori, sezvairi zvino. Machechi akanga atsveyama. Apo

Mambo Henry wechi—wechi 8, zvino ndokuuya muEngland, zvakare mushure maMary mhondi, nezvinhu zvose izvi zvakaitika. Uye, ipapo, chechi yakanga izere nemhirizhonga nehuori. Vazhinji vachikambira Chikristu, uye vachigara nevakadzi 4 kana 5, kana kuita chero chavaida kuita, nekungoenderera, netsvina.

<sup>160</sup> John Wesley, achinzvera Gwaro, akaRitarisisa, zvakazarurwa kwaari kuti Ropa raJesu Kristu rinochenesa mutendi. Uye uri...kusafanira...Zvino chii chaakaita? Akabuda ari mune kumwe kuvandudzwa. Akaponesa nyika muzuva rake, sezvakaite Luther. Maona? Chaiva chii? Murume uya, simba reChipuka, richibuda.

<sup>161</sup> Kupa munhu huchenjeri, hwekunzwisisa, kuti chinhu ichi handicho. “Harisiro Ropa raJesu Kristu. Hausi mu—mutumbi waJesu Kristu. Ichi chinomiririra mutumbi wacho.” Maona?

<sup>162</sup> Zvichiri gakava guru pakati peKatorike neProtestanti zvino. Ndicho chinhu chega chamusingakwanise kuwirirana pachiri zvino. Zvimwe zvose, vanogona kuwirirana pazviri, kunze kweizvozvo; ava vari mumakanzuru aya avari kuita. Cherechedzai zvino. Asi, izvi, asi ivo—ivo havana kukwanisa kuwirirana pane izvozvo. Maona?

<sup>163</sup> Mumwe, “IRopa, uye,” anoti, “ndiro Ropa chairo-chairo; zvekuti muprisita ane simba rokushandura chingwa ichi kuti chive mutumbi wacho chaiwo waKristu.” Ndizvo zviri tabhenakeri duku, muche—che—muचेchi, munoziva. Ndicho chikonzero vanoita zviratidzo uye nechero mhando yezvavanopa zvechihedheni vachienda havo, munoziva, nekugwadama, nokubvisa ngowani dzavo, nezvimwe zvakadaro. Izvozvo hazvisi chivakwa; vanozviitira kosha iri muta—tabhenakeri macho. Zvino cherechedzai kuti Satani nehuchenjeri akatora sei izvozvo!

<sup>164</sup> Asi, munoona, panguva iyoyo, pamunhu pazvima, munoona, Mwari vakaisa Mweya wehuchenjeri pamunhu, kuti anzwisise kuti handizvo. Zvino, zvaiva zvokurwisa chikara chechi 3, chakanga chaite kuti chechi igowora kwazvo, chaakanga akatasva, zvekutoti zvaityisa. Vavandudzi, vakaitei zvino, ivo muzera revavandudzi? Vakadzosa Chechi, kubva kumhemberero dzayo dzechihedheni dzekunamata zviratidzo, ichidzokera kuna Mwari zvakare. Maona? Ndicho chaiva Chipuka chakabuda, hungwaru uhwu hwemunhu, mutasvi, kuti agozviita.

<sup>165</sup> Zvino, asi, verengai zvino vhesi 3 ne...kana kuti, Zvakazarurwa 3:2, kweminiti. Zvino, ndakainyora zasi pano nekuda kwechimwe chikonzero. Zvino izvi ndizvo, zvinouya zvino, zera rechiLutherani, muzera revavandudzi, vaZvakazarurwa 3:2.

166 Zvavakaita, vakaita sangano. Luther paakangotanga chechi yake, vakaiita sangano. Zvakanaka, zvimwe chete zvakaitwa naWesley. Zvimwe chete zvakaitwa nePentekosti, chaizvoizvo, ndokuiita sangano. Zvino vanoitei? Vanотора hurongwa humwe chetehwo hwavakabuda mahuri. Maona?

167 Zvino tarisai izvi, Zvakazarurwa, ichitaura nezvechechi iyi yeSadhisi. “Kumutumwa wekereke,” ivhesi 1, honguka. Maona? Zvakanaka.

*Pepuka, uye usimbise zvinhu zvakasara,*

168 Kureva kuti, “Shoko rawakadzidziswa,” munooona, “zvinhu zvakasara.”

*. . . zvitori kuda kufa: . . .*

169 Atogadzirira zvino kudzokera musangano sezvingori chechi yeKatorike yaakabuda kubva mairi. Maona?

*. . . nekuti handina kuwana mabasa ako akakwana pamberi paMwari.*

170 Hezvoka izvo. Heyoka iyo . . . Hoyoka anoenda, achidzokera ikoko chaiko zvakare. Hamuone here kuti sei hurongwa hwemasangano hwakaipa? Ndiani akahutanga? NdiMwari here? Vaapostora here? Chechi yeRoma Katorike ndiyo yakazviita. Zvino ngapangoita munyori wenhorooondo anotaura zvakasiyana. Hazvipo izvozvo. Ndivo, vanoti ndivo chechi yapamavambo, uye ndivo. Asi vakaita chinhu chacho sangano, ndokuisa hurongwa, hune musoro wemunhu kwachiri. Uye hatina kutora munhu 1, sezvavakaita; tinотора kanzuru yese yevarume, tovaisa pamwe chete, zvino unobva wanyatsova nekuvhiringika. Ndizvozvo. Ko kanzuru ingaite sei, zvakadaro?

171 Zvakangofanana, tinofunga kuti gutsaruzhinji rakanaka. Ndinotenda kuti rakanaka, zvakare, asi harisi kuzombofa rakashanda nemazvo. Harikwanise. Neboka ranaRicky vari muno kuti vashande naro, muchaiita sei munyika muno kuti rishande zvakanaka? Hamugone. Cherechedzai, nyaya chaiyo yaitova ari mambo ane humwari.

172 Cherechedzai Chipuka, Chipuka chechi 3, zvino, hwaive hungwaru hwemunhu. Uye chakamiririra vavandudzi vakaenda mberi.

173 Kubva pachimupunzo, chekutora, toti, “*Ichi* ndicho chingwa.” “*Iyi* ndiyo waini.” Munooona, antikristu achine chimwe chinhu chinofananidzira Chikristu. Anofanira kudaro, nokuti iye “anopesana,” munooona. Uyezve, kana achifanira kupesana nechimwe chinhu. . .

174 Zvino, kana akauya nguva yese iyi, oti, “Oo, ndiri muBuddha.” Zvakanaka, izvozvo hazvina chazvinacho. Vose vanodaro. Zvingori chihedheni, pakutanga kwacho.



175 Asi antikristu ane mano. Ane mhando dzese dzezvinhu zvinomiririra Chikristu ipapo. Kungoti, akazviisa kune rimwe divi, chimwe chinhu chinopikisa Dzidziso yaRo yepamavambo. Munoono, ndizvo zvinomuita antikristu. Maona?

176 Saka, vavandudzi, apo Chipuka chakaenda chiri muchimiro chemu—chemunhu, kurwisa izvozvo!

177 Zvino, musakanganwa izvi, kirasi! Musazvikanganwa! Maona? Zvirangarirei, mazuva ose ehupenyu hwenyu! Maona? Zvipuka izvi ndezvechokwadi. IZVANZI NAJEHOVHA. Maona?

Cherechedzai, kunamata zvimupunzo kwakaunza . . .

178 Chipuka cheMunhu chakabuda nesimba raMwari, nohuchenjeri hwachakapihwa naMwari, ndokudzosa Chechi kubva pakunamata zvimupunzo, kudzokera kuna Mwari. Asi mune . . .

179 Tinoona kuti, muzera rimwe chetero rechechi, pavakatanga kuva sangano, kuita zvimwe chete zvavakaita pamavambo, zvakaitwa neRoma, zvino iri kuzoita vanasikana kucheche iyoyo. Uye inoti chii?

180 Akati, “Zvino nekuti uri . . . Handina kumbobvira ndakakuwana wakakwana. Uye unofanira kusimbisa simba diki iroro rawasara naro.” Zvino teererei kwaAri achivayambira, muna Zvakazarurwa zvakare, 3:3. Ngatitorei . . . Zvakanaka, ndinotenda kuti ndaiwana, maminetsi mashoma apfuura.

*Rangarira kubva pawakagamuchira nokunzwa, uye uzvichengete, utendeuke.*

181 Kungoti, neimwe nzira, “Rangarira kuti wakabuda muhuwori hwakadaro seuhwu.” Maona? Zvino tarisai pano.

*. . . Naizvozvo kana usingatariri, ndichauya kwauri semavha, (uh-huh), uye uchaziva . . . zvino haungazivi ngwa yandichauya pauri.*

182 Zvichienda zvichidzika, Ari kuzobvisa chigadziko chemwenje, munoono. Saka, ndizvozvo. Chii ichocho? Chiedza cheChechi.

183 Zvino akabva apinda muhurongwa humwe chete hwesangano rerima rechihedheni raakabuda kubva mariri, uye imomo ndimo maachiri nhasi, nevanhu vakatendeseka pamoyo vachifunga kuti iChokwadi, zvingori zvimwe chete sezviri maKatorike. Zvino maProtestanti anoseka maKatorike; izvo, ivo vese vakangofanana, mativi ose, chaizvo—chaizvo, maererano neShoko. Huchenjeri hwemunhu!

184 Zvino cherechedzai. Oo, ndinozvida kwazvo iZvi! Teererei kwaAri zvino achivayambira. Zvino, zvino isu . . . Muri kubvumirana nazvo zvakakwana, mumwe nomumwe wenyu here? Zvino, kana usingadaro, ndinyorere mubvunzo. Kutu, Zvipuka izvi zvinonyatsoratidzwa muzera rega-rega,

sekuratidzwa kwazvakaitwa neBhaibheri pano. Ndizvo chaizvo zvazvakaita ipapo. Nhorooondo inoratidza zvazvakaita. Tinotarisa ipo pano toona zvazvakaita.

<sup>185</sup> Uye hezvinu, Zvipuka izvi, ini—ini—ini handina kumbobvira ndakazviziva izvi kumashure. Ndange ndakangogara hangu ipapo. Ndichingochiona chichifamba kumusoro uko, zvimwe chete sekungonditarisa kwamakaita. Maona? Uye zvinofanira kuva zviru izvo, nokuti zviru pano chaipo neBhaibheri. Saka uchagoita sei chimwewo chinhu kunze kwekungoti ndizvozvo? Cherechedzai.

<sup>186</sup> Zvino, Chipuka chechi 4, chakatumwa kuzorwisa antikristu, muChipuka chekupedzisira ichi. Magadzirira here? Chipuka chekupedzisira chakatumwa, kana kuti simba rekupedzisira kuzorwisa antikristu aipesana neDzidziso yaMwari, antikristu uyu, chaive chapungu. Maona? Chipuka chipenyu chechi 4 chaiva chapungu. Zvino, iwe chingonzvera mazera, nzvera Magwaro. Ichapungu! Uye muBhaibheri, zera rekupedzisira raive zera rechapungu. Uye Mwari vanofananidza chapungu kuvaporofita vaVo. Maona? Icho... Zvino tarisai. Zera rekupedzisira, zera rechapungu, mu—muzaruri weShoko rechokwadi. Maona?

<sup>187</sup> Mwari vasati vapinda pabasa, sezvaVakaita mumazuva aNoa, Vakatumira chapungu. PaVakaunza Israeri, uye hondo yaFarao yakanga yagadzirira kuenda, Vakatumira chapungu. Nguva dzose, Vanotumira chapungu pakupedzisira, kumagumo acho.

<sup>188</sup> Uye pano Vanotumira chapungu, zvakare. Ndizvozvo chaizvo neShoko. Saka ungasochiita sei chimwewo chinhu? Vanotumira chapungu, (sei?) muzaruri weChokwadi ichi changa chiri kuwa nemuzera rose.

<sup>189</sup> Saka zvaizombofa zvakaaitika sei kuti nzo—nzombe, kana mu—kana munhu, kana chero Chikara chipi zvacho changa chichitasva, zvaizozarurwa sei kusvikira chapungu chauya? Zvaiva nenzvimbo yazvo; zvaiva Zvipuka zvine humwari, zvakatumwa, zvimwe chete sezvaive zvakangoita chero ani zvake.

<sup>190</sup> Shumba, ndiyo yaive yepakutanga. Ndipo pakauya antikristu mu—mukurwa.

<sup>191</sup> Akabva asimudza rimwe simba; Vakatumira rimwe simba kuzosangana naro.

<sup>192</sup> Akabva asimudza rimwe simba; Vakatumira rimwe simba kuzosangana naro.

<sup>193</sup> Zvino pasimba rekupedzisira, Vanounza chapungu pasi, “Kuzodoreredza vana vachidzokera pane Kutenda kwepamavambo zvakare, kwemadzibaba avo.” Zera rechapungu! Zvino, cherechedzai, hapachisina Zvipuka zvachose. Ndizvo zvose. Ndiwo magumo. Zvino, kana maizotora

Zvakazarurwa 10:1, 7. Ndanga ndichitaura nezvayo. Rangarirai, muzera remutumwa wekupedzisira, munoono, chii chaizofanira kuitika? “Zvakavanzika zvose zvaMwari zvaizozarurwa.” Chapungu! Amen!

<sup>194</sup> Zvino munoono zvikara 4 zvakatasva. Zvakanga zviri izvo chaizvo. Munozvitenda here? Uye zvino herino zera rimwe nerimwe, kana simba rimwe nerimwe rakatasva shure kwaro. Uye pane Gwaro rinoratidza zvakaitwa nemutasvi wemuvengi uyu. Izvo zvakazarurwa muZvisimbiso izvi. Uye zvakare zvakazarurwa zvino kuti Chipuka chimwe nechimwe, simba rakatumwa naMwari, kuzorirwisa, rinonyatsonanga chaipo, kusvika panguva yechapungu. Zvino, kana ino iri nguva yekupedzisira, kuchauya chapungu, ndizvozvo, uye kune izvozvo. Zvino, rangarirai.

<sup>195</sup> Zvino, mumazuva akauya shumba, Shoko repamavambo, vangangoita chikamu 1 kubva mu 100 ndivo vakateerera shumba.

<sup>196</sup> Mumazuva akauya nzo—nzombe, kadodzi kaduku-duku kavo ndiko kakateerera kushoko renzombe.

<sup>197</sup> Mumazuva akauya mu—munhu, akashanda pakati pevanhu, munoono, saka Akanga akangwara. Akawana boka duku.

<sup>198</sup> Zvino vakaita sei? Satani akazviona, saka akangovadzoserera kwakare ndokuvaroodza mazviri.

<sup>199</sup> Uye rangarirai, kana chapungu chasvika pakupezisira, vachange vari kachikamu kadikisa kechikamu 1 kubva mu 100 vachateerera. Izera rechapungu. Rangarirai, ndevamwe vatasvi vese ava . . . Uyezve kunyange Jesu akafanotaura, “Kana dai Asina kukurumidzisa Kuuya kwaKe, hapaizova kana nenyama ipi zvayo, zvachose, inoponeserwa Kubvutwa.” IGwaro here iroro? Muri kuona patiri zvino, handizvo here, hama nehanzvadzi? Muri kuona patirika?

<sup>200</sup> Mwari, ndinofara zvikuru, ini—ini—ini handizive kuti ndodii! Asi ini. . . Handingori ini bedzi ndakamira kumusoro kuno ku—kutura. Ndiri munowo, zvakare. Ini, ndiri pakati penyu. Munoono, ini, ndiNi. Ndine mhuri. Uye ndine hama nehanzvadzi dzandinoda. Zvino Mwari veKudenga, vane mutsa wakawana kudzika ne—nekuzarura chinhu chacho, nedzaVo pachaVo. . . nezviratidzo zvakaratidzwa kwemakore 30, kuti iChokwadi. Tiri pano. Tiri. . . Tasvika. Ndizvo zvoga. Tsvagurudzo yesainzi yakaZviratidza. Kusimbiswa kweShoko kwakaZviratidza. Uye tiri pano! Uye Chizaruro ichi chinobva kuna Mwari, uye IChokwadi!

<sup>201</sup> Pane chamabata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndanga ndichingofunga kana mazvibata. Maona? Hongu, changamire. Ndinogona kusafanira kukuudzai ipapo, Svondo. Cherechedzai. Cherechedzai. Zvoshamisa! Zvino, zvino, cherechedzai zvino.

202 Uye zvakare maererano nengu—nguva iyo Mwari vaizodzikinura nyika yaizoparadzwa nemvura zhinji, Vakatumira chapungu.

Uye panguva yaVaizodzikinura Israeri, Vakatumira chapungu.

203 Munotenda here kuti nguva, kunyange pana Johane, paChitsuwa chePatimosi, Mharidzo iyi yaive yakakwana zvekuti haVaigona kuvimba neNgirozi paIri? Munoziva, ngirozi mutumwa. Asi munoziva here kuti mutumwa aiva muporofita? Munozvitenda here? Ngatizviratidzei. Zvakazarurwa 22, ngationei kana chakanga chiri chapungu. Hongu. Munoono, aive... Chokwadi, aive ngirozi, ndiye mutumwa, asi aiva muporofita akazarura Bhuku iri rose raZvakazarurwa kwaari.

204 Zvakazarurwa, chitsauko 22 vhesi 19, ndinotenda kuti ndizvozvo kana ndinazvo zvakanyorwa pasi apa... 22:19, ndinogona kunge ndichikanganisa. Kwete. [Mumwe munhu anoti, “I 22:9, pada.”—Mupepeti] 22:9, ndiyo yacho chaiyo. Ndanga ndakatarisa pana 22:9. Ndizvozvo chaizvo. Oo, hongu, hepano.

*Zvino akati kwandiri, Rega kudaro: nokuti ndiri mumwe wevaranda pamwe chete newe, uye wehama dzako vaporofita, . . .*

205 Tarisai zvakaonekwa naJohane pano.

*. . .Ini Johane ndakaona zvinhu izvi, uye ndikazvinzwa.*

206 Zvino ari kuvhara. Ichi ndicho chitsauko chekupedzisira.

*. . .Zvino ndakati ini. . .ndichinzwa nokuona, ndakawira pasi kuti ndinamate pamberi petsoka dzemutumwa akaratidza zvinhu izvi, akandiratidza zvinhu izvi.*

207 Uye, “iye,” ipapo, “ngirozi,” munoono.

*Zvino akati kwandiri, Rega kudaro: . . .*

208 Hapana muporofita wechokwadi anozonamatwa, kana nhume yerudzi rwupi zvarwo, munoono. Ndezve kunaMwari voga.

*Zvino akati kwandiri, Rega kudaro: nokuti ndiri muranda pamwe chete newe, uye wehama dzako vaporofita, navaye vanochogeta mashoko ebhuku iri: namata Mwari.*

209 Maona? Zvino, Bhuku rakanga rakakosha kwazvo, zvekuti, IShoko raMwari. Zvino tarisai. Zvino kana Shoko raMwari raunzwa, Rinofanira kuunzwa nemuporofita, nokuti ndiye uyo anovingwa neShoko raMwari.

210 Ndanga ndakatarisira kuwana mubvunzo pamusoro pazvo, mu—mubhokisi iri pano. Ndafunga kuti ndichangovatangira

pazviri, zvishoma, munoziva. Ndinongonzwa kuti mune mumwe imomo wakadaro, ndizvo zvoga. Nda—ndangofunga kuti ndichasvika pazviri, munoona. Maona?

<sup>211</sup> Shoko rose raMwari rinounzwa. Bhaibheri harishandure hurongwa, zvachose, munoona. Chinhu chimwe chete. Zvinofanira kuuya kumuoni uyu watiri kutarisira kuti asvike, zvino cherechedzai, Zvakazarurwa 10:1, 7.

<sup>212</sup> Zvino ngativerengei vhe—vhesi 9 zvakare. Zvino tinowana. . . .isu. . . .Zvino, tisati taenda kuvhesi iroro, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.

<sup>213</sup> Muri kuona here, zvakakwana, tisati tasiya Zvisimbiso izvi? Zvino rangarirai, hapachina masimba anobuda mushure mechapungu ichi, munoona, kana zvachose. Nguva yese antikristu paaitumira chimwe chinhu, Mwari vaitumira simba. Antikristu akatumira rimwe simba; Mwari vaitumirawo chimwe chinhu kuzorirwisa. Zvino ndokutumira rimwe simba; Mwari vakatumira chimwe chinhu kuzorirwisa. Maona? Uye ipapo paVakadzika kusvika pachapungu, ndiro rakanga riri Shoko raVo, radzoka sezvaRaiva pakutanga.

<sup>214</sup> Zvino tarisai. Haasi here muporofita watiri kutarisira kuti agouya, mumwe murume akazodzwa ne—neMweya saEria? Anenge asiri Eria, honguka. Asi anenge ari murume, akadaro, achauya. Uye shumiro yake chaiyo ndeyekutumira, kudzoreredza, kuvanhu vakawa ava kubudikidza nekutsveyama kwemasangano aya, vachidzokera kune Kutenda kwepamavambo kwemadzibaba. Zvino, kana zvisingabatanidze Bhaibheri iri pamwe chete, ini—ini handizive kuti chii chinozodaro. Ini—ini—ini handichakwanisa kutaura zvimwezve pamusoro pazvo, nokuti ndizvozvo. Unongosvika. Ndicho Chokwadi. Ukatora chero chinhu kubva ipapo, unochimonyorora. Maona? Saka, ichi, chinongofanira kuva saizvozvo.

<sup>215</sup> Zvino cherechedzai, zvino, muvhesi 9, “Mweya iri pasi peartari.” Zvino, apa ndipo pandichawana kunyatsopikiswa chaiko. Asi chingotaraisai kwechinguvana. Uye mungo. . . .Maona? Ndakazvifungawo, zvakare, asi hazvina kuuya nenzira iyoyo. Tine. . . .Ndaigara ndichifunga kuti mweya iyi iri pasi peartari vaiva va—va—vakafira chitendero veChechi yepakutanga. Uye ndine chokwadi kuti, zvino, Chiremba Uriah Smith, nemumwe nemumwe wavo, vanoti ndizvo. Maona? Asi, ndaifungawo kudaro, pachangu. Asi Mweya Mutsvene pawaratidza chiratidzo chazvo, zvanga zvisiri izvo; haisiyo mweya iyi.

Zvino, zvino unoti, “Zvakanaka, zvino, handizive pamusoro pazvo.”

<sup>216</sup> Zvakanaka, zvino, mira zvishoma, tichazviona. Tarisai. Iyi haisi mweya yeChechi ye—yeMwenga, kwete zvachose.

Taifunga kuti iChechi yeMwenga yakamirira ipapo, mweya iri pasi peartari, munoona, ichichema kuti, “Kusvikira rinhiko, Ishe, kusvikira rinhiko?” Regai ndiverenge zvakare zvino, kuti tizvinzwisise zvakanaka.

*Zvino akati azarura chisimbiso chechishanu, ndakaona pasi pearitari mweya yeavo vakanga vauraiwa nekuda kweshoko raMwari, uye nekupupura kwavaiva nako:*

<sup>217</sup> Munoona, “Shoko raMwari, uye nekupupura kwavaiva nako.” Zvino, musa—musabva ipapo. Kwechinguvana, munoona.

*Zvino vakadanidzira...Kusvikira riniko,...Tenzi, kusvikira rinhiko? ... (maona?)... mutsvene uye wechokwadi, hamunga... tongaiwo nokutsiva ropa redu kuna avo vanogara panyika?*

*Ipapo mumwe nomumwe wavo akapiwa nguo chena; vakaudzwa, kuti vambozorora kwechinguwa chiduku, kusvikira varanda pamwe chete navo ne—ne... hama, dzaifanira kuuraiwa saivo, zvazadziswa.*

<sup>218</sup> Zvino, nekuti ivo, panguva ino, kana mukacherechedza, Chisimbiso Chechishanu ichi chichizarurwa, munoona, Chechi yakatoenda. Haingambova, mweya iri pasi peChechi ye—yepakutanga.

<sup>219</sup> Zvino, zvino, ndapota, kana makamboteerera kune izvi zvino, nokuti iri iguru gakata—...gakatanwa iri, saka ndinoda kuti munyatsoteerera zvino. Uye muve nemapepa enyu, nezvimwe zvekunyoresa. Zvino, ndinoda kuti mucherechedze.

<sup>220</sup> Zvino, ava havagoni kuva mweya iyoyo. Nekuti, mwe—mweya ye—yevakarurama, vakafira chitendero, nevanhu vakarurama, Chechi, Mwenga, yakatorwa kumusoro kare, saka havaizova pasi peartari. Vanenge vari muKubwinya, neMwenga. Zvino tarisai. Nokuti, vakaenda muKubvutwa, muchitsauko 4 chaZvakazarurwa. Vakatorwa kumusoro.

<sup>221</sup> Zvino, mweya iyi ndivanaani, saka? Ndicho chinhu chinotevera. Ndivanaani, zvino, kana vasiri Chechi yepakutanga? Iyi iIsraeri iri kufanira kuzoponeswa serudzi, vose havo vakafanotemerwa. Iyi iIsraeri. Iyi iIsraeri, pachayo.

<sup>222</sup> Unoti, “Oo, chimbomirai zvishoma.” Unoti, “Havagoni kudaro.” Oo, hongu, vari kuzoponeswa.

<sup>223</sup> Pano, ngatizvigadzirisei, kwechinguvana. Ndine Magwaro 4 kana 5. Ndichatora 1. Ngatitorei VaRoma, kwechinguvana, tione kana vari ivo. Ngatitorei Bhuku raVaRoma, uye tiende kuchi—chitsauko 11 chaVaRoma, uye tichaona. Kungo... Ngatingozviverengai, uyezve tichava nazvo pachedu. VaRoma, chitsauko 11, vhesi 25 ne 26. Zvino teerera kana Pauro pano apa.

224 Zvino Pauro akati, “Kana chero mumwewo munhu, kunyange Mutumwa, akaparidza rimwewo vhangeri,” (chii?) “aitofanirwa kutukwa.” Tarirai.

*Nokuti hama dzangu, handidi, kuti musaziva chakavanzika ichi (uh!), kuti murege kuzviti makachenjera mukuzvitutumadza kwenyu pachenyu (hezvoka izvo); hupofu muchidimbu hwakaitika kune Israeri, kusvikira kuzadziswa, kuzara kweMarudzi kwapinda.*

225 Mwenga wekupedzisira weMarudzi wounzwa, kuitira Mwenga, hupofu hunouya kune Israeri nechinangwa ichocho.

*Naizvozvo Israeri yose ichaponeswa: sezvazvakanyorwa zvichinzi, PaZioni pachabuda Mudzikinuri, uye achabvisa zvisiri humwari kuna Jakobho:*

226 Ndizvozvo! Zvino, ndivo vaIsraeri, vari pasi peartari iyi. Tarisai. Israeri yakapofomadzwa nechinangwa chaicho chekuti isu tigooneswa. Munozvitenda here izvozvo? Zvino, ndiani akavapofomadza? Mwari. Mwari vakapofomadza vana vaVo pachaVo.

227 Ndosaka, Jesu, akamira ipapo pamuchinjikwa, uye maJudha aya vachichemera Ropa raKe! Ava vaiwa vana vaKe Amene. Uye Akanga ari Gwaro. Akanga ari, pachaKe, Shoko. Uye apa, Iye achiziva kuti vanhu ava vangadai vakaMugamuchira nomufaro! Zvino ndicho chikonzero Akavapofomadza, kuti vasaMuziva. Akauya nenzira yakaninipa kwazvo, ndokuvapofomadza pairi, kuti varege kuigamuchira. Maona? Magwaro akati vaizozviita. Uye Akapofomadza. Vakapofomadzwa! Jesu akavanzwira tsitsi, kusvikira, Akati, “Baba, varegerereiwo. Havatozive zvavari kuita.” Maona? Vakanga vari mapofu. Pauro akati vakapofomadzwa nekuda kwechikonzero, kuitira isu.

228 Cherechedzai. Zvino ndinoda kuti munyatsotarisisa izvi. “Vakapihwa nguwo.” Vakanga vasinadzo ipapo. Vakapihwa nguwo, nguwo chena, mumwe nemumwe wavo. Zvino, vatsvene zvino vanadzo, vatori neimwe nechekare; vano iwana pano. Asi, ikoko, “Vakapihwa nguwo.” Uye vatsvene vakatova nedzavo nechekare, uye vakatoenda. Maona? Maona? Vakanga vane—vasina . . .

229 Ivo, munoona, vakanga vasina mukana, nokuti vakanga vakapofomadzwa naMwari, Baba vavo pachavo; kuitira kuti nyasha dzaMwari dzizadziswe, kuti Mwenga utorwe kubva kuMarudzi. Ndizvo here?

230 Regai—regai ndikuratidzei mufananidzo wakanaka pano muna Josefa; Josefa, munhu weMweya, chapungu. Akazvarwa pakati pehama dzake, sezvakanangoita Chechi chaiyo iri pakati pedzimwe. Uye aigona kududzira hope nekuona zviratidzo. Zvino vamwe vose vaimuvenga. Baba vake vaimuda.

<sup>231</sup> Cherechedzai, zvino, akanga ari kunze, akadzingwa nevakoma vake, kwete nababa vake. Kunze, nevakoma vake, uye akatengeswa nemasirivheri angangoita 30. Akakandwa mugomba, uye zvichiita sokunge akanga afa.

<sup>232</sup> Akasimudzwa kumusoro, ndokunogara kuruoko rworudyi rwaFarao. Uye nekuti akadzingwa nevakoma vake, munoona, akapihwa mwenga Murudzi, kwete werudzi rwake. Kubudikidza nemo, akabereka Efuremu naManase, vakawedzerwa muIsraeri.

<sup>233</sup> Apo Israeri aivaropafadza, nokuchinjika maoko ake, kubva kumudiki kusvika kumukuru, kupesanisa maropafadzo kubva kumuJudha, kudzokera . . . kana kuti kubva kumuJudha kuenda kune Murudzi. Maona? Akapesanisa maoko ake, kumwanakomana mudiki wacho, inova Chechi diki ichazopinda. “A—amai chechi vakamira muzuva; vakabereka mwana uyu.” Uye cherechedzai, kuti vamuwane, Israeri akapesanisa maoko ake, mumufananidzo. Zvino Josefa . . .

Vana vamwe chete ivavo, vaive vaamai Murudzi.

<sup>234</sup> Mwenga waIsraeri, kumashure uko, wakapesaniswa, kubva kuchiOrthodox chakare, kuenda kunzira yeChikristu, neMweya Mutsvene wakapesanisa maoko aIsraeri. Akati, “Mwari vapesanisa maoko angu.” Akanga asina nechekuita nazvo.

<sup>235</sup> Cherechedzai. Ipapo, Josefa, ari akarambwa nevakoma vake chaivo, vanhu vake chaivo, akatora mwenga weMarudzi. Chaizvo zvakangoitwawo naJesu; akarambwa nemaJudha, akatora Mwenga weMarudzi.

<sup>236</sup> Zvino ngativerengei chimwe chinhu pano. Ndine Gwaro rakanyorwa pasi, Mabasa 15. Uye, oo, izvi zvingori chaizvo mhando yekadzidzisiro katinongofanira kuzviita, zvisinei. Zvino, ndinotenda kuti ndagona apa, verengai Mabasa 15:14. Zvakanaka. Ndinovimba kuti ndiro iri zvino. Zvakanaka. “Simeoni akarondedzera kuti Mwari . . .” Kwete, ngatitangirei pavhesi 13.

*Zvino mushure mekunge vanyarara, Jakobho akapindura, . . .*

<sup>237</sup> Zvino, munoona, zvakanga zvaitika, vakanga vaenda kuMarudzi. Maona? Uye gakava rakanga riripo, nekuti vaiva maJudha. Maona?

*Zvino mushure mekunge vanyarara, Jakobho akapindura, akati, Varume hama, nditeererei:*

*Simeoni (ndiye Simoni Petro) akarondedzera kuti Mwari pakutanga akashanyira sei veMarudzi, kuti atore kwavari vanhu vezita rake.*

<sup>238</sup> Huh! Munoona, zita remudzimai wangu rainzi Broy. Pandakamutora, akave Branham. Maona?



239 Jesu anatora Chechi yaKe kubva, kana kuti Mwenga waKe, kubva kuMarudzi. IGwaro, rakafananidzirwa, sezvaiva Josefa.

240 Zvino cherechedzai izvi, zvino, mweya iyi iri pasi peartari. Zvino, izvo. . . izvi, “Mweya iyi,” kunzwisisa zvino, “iri pasi peartari,” handiti vakaurayiwa nevanhu vatadzi saEichmann. Maona? Vakaramba vakabatirira, mamiriyoni avo, munoono, asi vanoramba vari maJudha.

241 Zvino, rangarirai. Chaiva chii? “Vakaurayiwa nekuda kweShoko raMwari,” kwete nekuda kwehuchapupu hwaKristu. Mazvinzwisisa here?

242 Asi, rangarirai, Chechi yakapindawo, zvakare, vakafira chitendero veChechi, zviriri nokuda kweShoko raMwari nehuchapupu hwaJesu Kristu. Vangani vanozviziva, pano pa. . . ? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hongu. Zvakana.

243 Zvino, asi ava vakanga vasina huchapupu hwaJesu Kristu.

. . . *nokuda kweshoko raMwari, uye nekupupura kwavo* kwavaiva nako:

244 MaJudha! Zvino Hitler aivavenga, ndizvo zvakaikawo Eichmann, ndizvo zvakaikawo Stalin, nevamwe vepasi rose. Maona? Asi vakaramba vakavimbika kune zvavaitenda. Uye vakavauraya nokuti vaiva maJudha.

245 Munoziva here kuti Martin Luther akaita sekuya nepfungwa imwe chete iyoyo, zvakare? Ichokwadi. Akati, “MaJudha ese anofanira kuburitswa kunze. Ndivo antikristu.” Maona? Asi akanga angori pasi pemumwe mwaka, uye haana kuzviona, haana kuona Shoko.

246 Zvino Shoko, Zvokwadi, rinobva rauya. Ungagopofomadza Israeri nenzira ipi? Haugone kuzviita. Kwete.

247 Oo, muporofita uya akamira sei kumusoro uko, zuva riya, akati, “Unotaridzika sebhiza renyanga imwe, Israeri?” Pavakanga vachiedza kumuratidza mativi akashatisisa ayo! Akati, “Handiti,” akati, “ani naani anokuropafadza acharopafadzwa, uye ani naani anokutuka achatukwa.” Ndizvozvo. Oo, nhai vedu! Uchazviita sei?

248 Imwe nguva vakafunga kuti Mwari vaizokanganwa, muporofita paakaona chinhu chakasviba ichi chichivinga maJudha. Murume uyu akamira ipapo, uye Shoko raMwari rakadururwa kwaari. Akati, “O Ishe, Muri kuzorasa vanhu veNyu here?”

Vakati, “Chii icho chirere pedyo newe ipapo?”

Ndokuti, “Chimuti chokuyeresha.”

249 Vakati “Ko Denga riri kumusoro zvakadii? Payere.” Uh-huh. “Ko gungwa rakadzika sei?”

Akati, “Handikwanise kuzviita.”

<sup>250</sup> Vakati, “Kana neNiwo, haNdingambofi ndakakanganwa Israeri.” Kwete, changamire. Havasi kuzoikanganwa.

<sup>251</sup> Vakatapofomadza mwana waVo pachaVo. Zvino, pafungei. Kupofomadza mwana waVo pachaVo, kuti vatipe mukana, zvino isu toUramba. Zvino, izvozvo hazvikuite kuti unzwe kudupika kwazvo here zvekuti ungatokwanisa kukambaira pasi pechibhuroku chekongiri wakapfeka ngowani huru, uye worega kurigunzva? Ndiko kudupika chaiko, munoziva. Oo, ini zvangu! Hongu.

<sup>252</sup> “Vakabaturira nekuda kweShoko raMwari.” Vaiva maJudha. Vaiva nemirairo yavo; vakagara nayo. Munorangirira husiku hwapfuura, zvino? Maona? Vakagara nayo. Uye vaive maJudha, uye vaive nemurairo. Zvino murairo waiva Shoko raMwari, uye vakagara pauri chaipo. Ndizvozvo chaizvo. “Zvino nokuda kwehuchapupu hwavaiva nahwo, vakaurayiwa.” Zvino hepano pakanga paine mweya pasi peartari, mushure mekunge Chechi yaenda.

<sup>253</sup> Zvino tarisai. Vakanga, muhupofu hwavo, vauraya Mesiya wavo, zvino apa vakanga vochikohwa nekuda kwazvo. Vakazvicheredza. Vakazviziva, mushure mekunge zvapera. VakaMuona ipapo, pavakauya pamberi peartari yaMwari. Asi zvino nyasha dzaMwari dzava kwavari.

<sup>254</sup> Tarisai. Zvino, havaikwanisa, zvachose, kuva vatsvene, nokuti vaizova vakapfeka nguwo nechekare. Asi hepano pavari zvino, vangori “mweya iri pasi peartari, nokuda kweShoko raMwari, nohuchapupu hwavaiva nahwo,” kuva vanhu vaMwari, maJudha.

<sup>255</sup> Asi zvino, tarisai, nyasha dzaMwari dzinouya kwavari. Zvino Jesu anovapa, mumwe nomumwe, nguwo chena, (oo, ini zvangu, tarisai; kumberi uko chaiko, mushure mekunge Chechi yatoenda), nekuti vakanga vakavimbika kuchinangwa chavo. Zvino vaive vakapofomadzwa, uye havana kuzviziva. Havana kuzviziva. Vakanga vachinyatsoita chikamu chavakanga vakatemerwa naMwari kuti vaite. Zvino pano, apa, Johane anotarisa uye anoona mweya iri pasi peartari. Zvino tarisai, anoona mweya iyi. Tarisai zvaanovadaidza.

Vanodanaidzira, “Ishe, kusvikira rinhiko?”

Tarisai, “Bedzi kwechinguva chidiki.” Maona?

<sup>256</sup> Ngatizvitorei, patiri kudzika, nemuMagwaro chaimo zvino. Vanocheredza kuti vakanga vauraya Mesiya wavo. Maona? Uye vakanga vasingazvizive, asi zvino vakanga vacheredza. Vaka—vakaurayiwawo, zvakare, kuti vagoripa: kuita kwavo zvakaipa. Uye zvino tarisai chinhu chavakazoita! Munoono, vakava nemhosva yekuuraya, saka vakauraiwawo. Maona? Vakadanidzira vachiti, “Ropa raKe ngarive pamusoro pedu!” Maona? Ndizvozvo chaizvo. Zvino vainge vakapofomadzwa.

<sup>257</sup> Zvino, dai vakanga vasina kupofomadzwa; Mwari vaiti, “Varegei vakadaro. Havana kukodzera.” Asi nekuda kwekuti vakanga vapofomadzwa naMwari, nyasha dzaVo dzakasvika zasi kwavari. Amen! Ungataura nezvenyasha dzinoshamisa! Uye vakapa mumwe nomumwe wavo nguwo, nokuti Israeri yose ichaponeswa, wese ane zita rake rakanyorwa. Ndizvozvo. Jesu akavapa nguwo.

<sup>258</sup> Sezvakaita Josefa kuhama dzake; mufananidzo. Tarisai, Josefa paakamira ipapo, uye paakazopedzisira. . . Akazvizivisa pachake ipapo paartari, paartari yake iye, mumuzinda wake, chigaro chake choushe. Akati, “Munhu wese imbondisiyai.” Mudzimai wake akanga ari mumuzinda wamambo; umo Mwenga achange ari.

<sup>259</sup> Iye ndokuti kwavari, akati, “Hamundizive here?” Hei, ave kutaura chiHebheru zvino. “Ndini hama yenyu, Josefa.” Oo, ini zvangu!

Vakati, “Manje, oo, wava kuzotibata.”

<sup>260</sup> Akati, “Mirai zvishoma. Mirai zvishoma. Mwari vakazviita nechinangwa. Vakaita kuti mundidzinge, kuitira kuponesa hupenyu.” Kubwinya! Hezvoka izvo, chaizvoizvo. Akati, “Musadaro, musazvitsamwira pachenyu.” Munorangarira kuti Josefa akadaro here? Akati, “Musazvitsamwira pachenyu. Zvinhu zvese zvakaringana zvino. Zvakatopera. Mwari vakanditumira kuno, mberi kwenyu.”

<sup>261</sup> Munoziva, Bhaibheri rakati vachati kwaAri, pavanoMuona achiuya, vakati, “Nhai, ndiMi Mesiya, tinoziva. Asi, asi, ko mavangaka ayo?” Maona?

<sup>262</sup> Akati, “Oo, ndakaawana mumba meshamwari dzaNgu.” Shamwari?

<sup>263</sup> Uye zvakare pavanozvicherechedza, avo vakasara, 144,000 vacho, Bhaibheri rakati vachaparadzana, imba imwe kubva kune imwe. Uye votora mazuva, ekungochema, nekuungudza, nekufamba vachikwira nekudzika pauriri; voti, “Takazviita sei? Takazviita sei? Handiti, takarovera Mesiya wedu pachedu.” Vakadaro, vachichema sezvaizoita musha kumwanakomana wawo akaberekwa ari oga, “Takazviita sei?”

<sup>264</sup> MaJudha aya, ndivo—ndivo vanhu vanonamata zvakananyisa pasi rose; vasanangurwa vaMwari. Asi Vakavapofomadzwa, kuti vatitore isu, zvino isu tinoZviramba. Ko kutongwa kwakadii kwecheki yeMarudzi! Hezvoka izvo. Maona? Kupofomadzwa nechinangwa, naMwari, kuitira kuti Vagotitora, Mwenga waJesu. Kuvabuditsa kubva kune. . . Maona? Uye vakafanozvifananidzira, uye nezvose.

<sup>265</sup> Zvino munoona here kuti mweya yacho ndivanaani? Havasi vatsvene vakauraiwa. Vakatoenda kare. Ndizvozvo chaizvo. Cherechedzai, vakanga, vakanga vatoenda kare. Maona?

<sup>266</sup> Saka, ava vanopihwa nguwo, mumwe nemumwe wavo. Uye zvino ndinoda kuti mucherechedze. Asi zvino nyasha dzaMwari dzinoderera kusvika kwavari. Jesu anovapa mumwe nomumwe nguwo chena, sezvakaita Josefa, nyasha dzake kuhama dzake.

<sup>267</sup> Zvino tarisai. Kunyangwe vakanga vaedza kubvisa Josefa, zvakare, asi nyasha dzake dzakasvika zasi chaiko kwavari. Maona? “Oo, zvakanaka. Izvozvo zvakanaka. Manga musingadi kuita izvozvo. Asi, munoona, vaiva Mwari vaizviita. Maona? Mwari vakakutenderai mose kuita izvozvo kuitira kuti Vandidzingire kunze, uye vondiunza zasi kuno kuti ndikwanise kuponesa hupenyu hwevanhu, Marudzi aya ari pano, kwandakawanira mudzimai wangu. Ndingadai ndisina mudzimai dai—dai ndakagara seri kumusoro uko. Zvino, ndinoda mudzimai wangu. Akandiitira vana ava pano.” Uye akati, “Ini—ini... Uye zvino—zvino ndiri kuuya kuzokutorai mese. Zvino imi mose muchava nazvo zvakakunakiraiwo, zvakare. Ndichakuunzai zasi kuno. Tese tichazogara pamwe chete, semhuri imwe huru.” Maona? Maona? Maona? Akati, “Chinhu chimwe chandinoda kukubvunzai. Baba vangu vakwegura vachiri vapenyu here?” Oo!

<sup>268</sup> Uye mutarisei, zvaakaita kuna Benjamini mudiki, anova mufananidzo we 144,000 ava, sezvatichawana gare-gare. Munoona zvaakaita? Akangomhanyira kuna Benjamini nekukurumidza, ndokuwira pamutsipa wake ndokutanga kumumbundira. Munin’ina wake mudiki akanga azvarwa mumhuri mushure mokunge aenda, munoona; naamai vake, chechi yekutanga, chechi yeOrthodox. Ava 144,000 vakazvarwa Iye asipo, paAkanga asipo achinotora Mwenga waKe weMarudzi. Oo, ini zvangu! Izvi hazvingoitawo here chimwe chinhu kwauri? Hezvoka izvo. Saka munoona kuti ndivanaani? Havoka avo.

<sup>269</sup> Cherechedzai zvino, kunyange zvazvo vakanga vaedza kubvisa Josefa, nyasha dzake dzakasvika kwavari.

<sup>270</sup> Kunyange vakanga vaedza kubvisa Jesu, Iye zvakadaro anodzoka zvakare, nokuti vakanga vakapofomara, uye ovapa, mumwe nomumwe, nguwo chena. Ari kuzovapinza mukati chaimo, kumusha, zvakadaro. Hazvina kana mutsauko wazvinoita, nekuti Akatotaura kuti, “Ndichavaponesa vese, zvakadaro.” Maona?

Zvino vhesi 10. Cherechedzai, vakakumbira “kutsivirwa.” Maona?

<sup>271</sup> Zvino, kana dai wakanga uri Mwenga, ungadai wakaita saStefano: “Baba, varegererei,” munoziva. Maona?

<sup>272</sup> Asi ava maJudha vachangopinda, munoona. Vakakumbira kutsivirwa. Cherechedzai zvakare, munoona, zvakare Akati... Cherechedza, hazvisi... Akati, “Thama dzenyu,” maJudha.

100 . . . Zvino vakanga voda kutsivirwa. Vakati, “Oo, tiri kuzo . . . Isu, tinoda kuti Mutitsivire zasi uko.”

273 Akati, “Kwechinguva chidiki, zvino, kwechinguva chidiki.” Nokuti, cherechedzai, regai ndizviverenge pano. Zviri mu—muvhesi 10. Zvakana.

*Zvino vakadana nezwi guru, vachiti, Kusvikira riniko,  
O Tenzi, mutsvene uye wechokwadi, musingatongere  
nokutsiva ropa redu kune vanogara panyika?*

*Zvino mumwe nomumwe wavo akapiwa nguo chena;  
zvino zvikanzi kwavari, kuti vambozorora havo . . .  
chinguva chiduku, munoona, (chii?) chinguva chiduku,  
kusvikira vamwe varanda pamwe navo . . .*

274 Maona? Zvino chinombova chii? Vaporofita zvino vari kuparidzira vaIsraeri. Maona?

*. . . kusvikira vamwe varanda pamwe chete nemi  
zvakare . . . varanda pamwe chete nemi uye zvakare  
hama dzenyu, dzinofanira kuuraiwa . . .*

275 Munoona, avo vakafanotemerwa kuitwa saizvozvo. Maona?

*. . . dzinofanira kuuraiwa saivo, zvazadzikiswa.*

276 Munoona, nemamwe mashoko, zvakafanotemerwa kwavari. Magwaro, kuti vanofanira kuzviita. “Uye ingozororai kwechinguva chiduku. Zvino mava nenguwo dzenyu; muri kuenda kumusha; uye ingogarai ipapo kwechinguvana, munoona, mirai zvishoma chete.”

277 Zvino cherechedzai. Zvino cherechedzai, “Hama dzenyu.” “Hama dzenyu dzichigere kuti dziuraiwe,” zvinoreva kuti 144,000 vachigere kudanwa muKutambudzika. Uye 144,000 vakadanwa.

278 Ndinoshuva kuti dai tanga tine nguva. Tinogona kuzvitora mangwana manheru, kana Ishe vachitendera, isu . . . tisati tapinda mune chimwe Chisimbiso. Maona?

279 Zvakare, zvino tarisai, vanofanira kuurayirwa chitendero naantikristu. Tichangopfuura nemo; uye cherechedzai, mukutasva kwake kwekupedzisira, paanoputsa—putsa sungano iyi nemaJudha aya zasi uko. Zvino hoyo achienda. Maona?

280 MaJudha aya, 144,000, vari kuzodanwa nezvapupu 2 zvemuna Zvakazarurwa 11. Zvino, imi rangerirai, vaifanira kuporofita.

281 Makazviverenga izvozvo. Vangani vakazviverenga izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Chokwadi, tose tinoziva, nekuverenga Gwaro.

282 Uye vanoporofita, zvapupu 2 izvi zvinoporofita, munguva yehafu yechi 2 yaDhanieri yevhiki rechi 70. Ndiwo makore 3 nehafu ekupedzisira.

283 Rangarirai matorero atakaita vhiki rechi 70 raDhanieri? Ndakati taizorida kana tapinda muno umu. Handina kuziva chikonzero, asi ndakango . . . Chimwe chinhu chakandiudza kuti taizorida, zvino hapoka patiri. Hongu. Maona?

284 Cherechedzai, munguva yaDhanieri. Zvino rangarirai, Dhanieri akaudzwa kuti, “Mesiya aizouya,” muchinda, “Mesiya,” waro, “uye Aizoporofita. Israeri yakanga ichine mavhiki 70 asara. Zvino pakati pemavhiki 70 aya, Mesiya aizogurwa, uye chibayiro chezuva nezuva chozobviswa.” Ndizvo here? “Asi pakanga pachine 3 nehafu, mavhiki akatarwa.”

285 Muchikamu ichi, Anotora Mwenga weMarudzi, zvino, Unokwira, uye paUnokwira, vaporofita 2 vanosimuka kuIsraeri. Maona?

286 Uye mweya iyoyo yakaurairwa chitendero, zvino, zvichidzika nemuno umu, maJudha chaiwo, echokwadi zvichidzika nemuno umu; vaiva nezita ravo muBhuku, vairarama hupenyu hwakafanira nekuita chinhu chakanaka, vakararama chiJudha zvakazara. Ivo, vakaurairwa chitendero naEichmann nevamwe vazhinji. Vanhu vakatendeseka, mamiriyoni avo zasi ikoko! Uye maJerimani aya akavapfura vakafa, ndokuvaponda, nekuvauraya, nekuvarembedza pamafenzi, ndokuvapisa, nokuvagocha kusara vava dota, nezvimwe zvose. Uyo asina ropa, kana kuti ane moyo une havi yeropa, Hitler ane nzara, naStalin, naMussolini, nevanhu vose ava vaivenga maJudha!

287 Ndinofunga kuti ndicho chimwe che—chimwe chezvinhu zvakachengetedza nyika ino, nekuti vakagara vachiremekedza muJudha, ndizvozvo chaizvo, vakamupa nzvimbo. Ukaremekedza muJudha, uye Mwari vachakuremekedza.

288 Zvino, kune rimwe boka remaJudha akapanduka, sezvazvingori kune Marudzi akadarowo.

289 Asi muJudha chaiye, Mwari vakaisa zita rake muBhuku nyika isati yavambwa. Zvino hepano paaive, akapondwa munguva iyoyi. Uye rangarirai, pafungei zvino, kuti izvi zvakakwana sei. Mushure chaimo memaJudha mamiriyoni iwayo akauraiwa, vanhu vasina mhosva, nenyika dzepasi rose; pano Gwaro rinoti, munguva ino chaiyo, kuti vari mumwe nomumwe pasi pearitari, vanocherechedza zvakaitika, uye vanopihwa nguwo chena.

290 Ivo ndokuti, “Asika, sei? Tingadzokera kuhumambo izvozvi here?” Humambo hwechiJudha huchagadzwa panyika, munoziva. Johane akati humambo hwaivepo, munoona, kuzogadzwa.

Zvino, hwuno uhwu Humambo hweEvhangeri, munoona.

291 Asi humambo hwemaJudha huchaparidzwa nevaporofita 2 ava—ava, saka cherechedzai hu—hu—humambo hwepanyika pano.

292 “Humambo hweKudenga hunoparidzwa,” . . . nemaJudha, kana kune . . . ndinoreva, “kune Murudzi.”

293 Humambo hwepano panyika, huchamiswa muMireniyamu, mushure, meMireniyamu kumaJudha.

294 Zvino cherechedzai. Cherechedzai izvi zvino, pano, ivo pavanenge—ivo pavanenge vachiparidza, munoona.

295 Vaporofita ava—ava vasati vambosimuka panzvimbo; maJudha aya akafira pasi paEichmann nevamwe ari, mumwe nomumwe wavo akafanotemerwa, vakapihwa (nenyasha) nguwo chena. Mumwe nomumwe wavo akapihwa nguwo chena. Cherechedzai.

Zvino chii chinoitika? Pazvinongoitika izvozvo . . .

296 Ndakatarisa wachi iyo kumashure uko, uye ndinoziva kuti tava—tava kunonoka. Asi handidi ku . . . Munoona, ndi—ndi . . . Ivo . . . ndichiona vanhu vanonzwisa urombo vakamira apo. Mwari vakubatsirei, hama. Ndinovimba kuti mumwe nomumwe wenyu achapihwa nguwo chena zuva iroro, munoona. Makamira, muchichinjana—chinjana, nemakumbo achirwadza. Uye vamwe venyu mashanda zuva rose. Ndinoziva zvazviri. Uye tarisai pano . . . Uye nemamwe madzimai anonzwisa urombo madiki achembera akamira. Ndacherechedza kuti vamwe vevarume ava vava vama madzimai zvigaro zvavo; uye mumwewo munhu apa, vamwe amai vadiki vanonzwisa urombo vane mucheche. Uye ndi—ndi—ndi—ndinozviona zvose izvozvo, munoona, uye ndine chokwadi kuti Vanodaro. Cherechedzai. Asi handisi kuda kukuchengetai kwenguva yakarebesa. Kana ndikangoita kuti muone Mharidzo iyi, ndizvo zvega zvandiri kuda kuti muite, munoona.

297 Zvino cherechedzai maJudha aya. Ndinofanira kuita izvi, kuitira kuti muone chizaruro cheChisimbiso ichi; muone zvachiri, mweya iyi iri pasi peartari, uye kuti ndivanaani. Zvino cherechedzai.

298 Munguva yaDhanieri, zvino, hafu yechi 2 yevhiki rechi 70. Zvino rangarirai, “Mesiya aifanirwa kugurirwa munzira.” Ndipo pakati. Zvino, hafu ya 7 ndiyani? [Ungano inoti, “3 nehafu.”—Mupepeti] 3 nehafu. Kristu akaparidza kwenguva yakareba sei? [“3 nehafu.”] Ndizvozvo chaizvo. Zvino, “Asi pachine akatarwa, kuvanhu,” (chii?) “mamwe makore 3 nehafu.”

299 Zvino, munguva iyi, handiti, munoona, zvinoitika, ndezvekuti, Mwenga weMarudzi unosarudzwa mumazera 7 echechi, wobva wakwira kumusoro.

300 Zvino kana zvaita nenzira iyoyo, maJudha ese aya akaurirwa chitendero ipapo nekuda kwehupofu, varere pasi

pearitari, Mwari vanouyapo zvino voti, “Munoona kuti chaiva chii? Zvino Ndinokupai mumwe nomumwe wenyu nguwo.”

Vakati, “Kusvikira, rinhiko Ishe? Tave kupinda iko zvino here?”

<sup>301</sup> Akati, “Kwete, kwete, kwete, kwete. Hama dzenyu, maJudha, vanofanira kutambudzika zvishoma, nazvino. Vanofanira kuuraiwa sekuuraiwa kwamakaitwa. Chikara chinofanira kuvatora pachinoputsa sungano yacho.”

<sup>302</sup> Zvino cherechedzai. Uye zvino cherechedzai, kamwe chete. . . Zvino chingorangarirai, vaporofita ava vari kufanira kuporofita maringe naZvakazarurwa 11. Imi, masimudza maoko enyu, makazviverenga. Maona? Zvino vanopihwa simba.

<sup>303</sup> Uye tichaona kuti ndivanaani, munguva pfupi, Ishe vachitendera. Zvino cherechedzai kuti vaporofita ava ndivanaani. Uye zvino Bhaibheri rinozvitauro pano. Chokwadi, Vanozvitauro. Chokwadi! Maona?

<sup>304</sup> Zvino, cherechedzai, pakati peaya, mavhiki 3 nehafu zvino, avari kuporofita zasi kuno uye zva—Zvakazarurwa pano yati. . . Zvino vaka—vakaporofita mazuva 1,340. Kana. . .

<sup>305</sup> Zvino, karenda rechiJudha renguva dzose, nguva dzamazuva ose dzekarenda raMwari, mazuva 30 chaiwo mumwedzi. Ikarenda rechiRoma, rakaivhiringidza. Karenda renguva dzose rine mazuva 30 mumwedzi.

<sup>306</sup> Zvino, kana muchida kutora mazuva 30, mowedzera makore 3 nehafu kwaari, uye moona mazuva 30, zvino, saka, munowanei? Mazuva 1,300 ne. . . kana kuti 260. “Mazuva 1,260 (mazuva 60),” makore 3 nehafu chaiwo.

<sup>307</sup> Zvino, munoona, hapana kukanganisika apa. Hezvoka izvo, zvinongopindirana pamwe chete sezvi—zvidimbu zvinopfekerana pamwe chete. Cherechedzai, vaporofita 2 ava vakaparidza kwemakore 3 nehafu, kumaJudha. Mune iwayo, munodanwa, 144,000 ava.

<sup>308</sup> Uyezve, cherechedzai, vaporofita 2 ava ndiMosesi naEria chaivo. Maona? Maona? Zvino tarisai, tarisai, yavo. . . Tarisai shumiro yavo. Zvino tarisai zvinoita vaporofita ava. “Vane simba rekurova nyika nedenda, chero pavanodira.” Ndiani akazviita? Mosesi. “Vane simba rokuvhara matenga, uye kusinganaye muzuva rekushumira kwavo.” Ndiani akavhara matenga kwemakore 3 nehafu? [Ungano inoti, “Eria.”—Mupepeti] Havoka avo. Ndivo. Munoona, ndizvo. . .

<sup>309</sup> Munoona, munhu, kana afa, haashanduke chimiro chake. Haashanduke pane zvaari, munoona. Tarirai, apo—apo, kumashure. . .

<sup>310</sup> Sauro paakanga adzokera shure, uye pasina vaporofita munyika, akatadza kunzwisisa zvokuita—zvokuita. Akanga ari



parumanzombe. Akanga achienda kuhondo. Akaenda kumuroyi wekuEndori.

311 Zvino, neropa renzombe nembudzi bedzi, aikwanisa kuita izvi. Zvino akadana mweya waSamueri.

312 Zvino Samueri paakauya, hoyo akamirapo, nenguwo yake yemuporofita. Kwete izvozvo chete, asi ainge achiri muporofita. Akati, “Wandidaidzirei kubva pakuzorora kwangu,” munoona, akati, “uchiona kuti wava muvengi waMwari?” Akati, “Panguva ino, mangwana manheru, iwe uchadonha muhondo. Uye panguva ino, mangwana manheru, uchange uneni.” Uye ndizvo chaizvo zvakaikwa. Maona? Kwete bedzi... Akanga achiri muporofita. Maona?

313 Zvino varume ava vachiri vaporofita. Zvino tichadzika zvisvishoma mazviri, mumaminetsi mashoma chete, Ishe vachitendera. Maona?

314 Oo, ini zvangu, ndinorida Shoko zvikuru! Ndosaka, “Munhu haangarami nechingu chete. Shoko rega-rega rinobuda mumuromo maMwari!”

315 Vaporofita 2 ava ndiMosesi naEria, maringe nemabasa avo achidzokororwazve zvakare. Iyoyo, ndiyo yagara iri shumiro yavo. Zvino cherechedzai, sezvavakangoita. Izvozvo hazvina kuvashandura. Rangarirai, machinda aya haana kufa. Tarisai chete. . .

316 Zvino, musavhiringidza, tisati tabva pane izvi. Musavhiringidza shumiro yaEria yenguva yechi 5 neshumiro yake yenguva yechi 4. Ndanga ndichikuudzai, Chechi yeMarudzi iri kutsvaga Eria. Ndizvozvo.

317 Zvino hoyo ari pano apa nemuJudha. Rangarirai, haakwanisi kuuya ka 4; iyoyo—iyoyo inhamba yemuvengi. Anofanira kuva ka 5.

318 Nguva yekutanga yaakauya, akanga ari Eria, pachake. Nguva inotevera yaakauya, aive Erisha. Nguva inotevera yaakauya, aive (chii?) Johane Mubhabhatidzi. Nguva inotevera yaanouya, ndeyemutumwa wechi 7. Uye nguva yechi 5 yaanouya, anenge aina Mosesi mhiri uko, vachivaparidzira. Chokwadi. Hongu, changamire. Musamuvhiringidze. Uh-huh.

319 5, kana iwe uchiziva nhamba dzako—dzako dzeBhaibheri, 5 inhamba yenyasha dzekushingaira. Uye ndizvo zvaAkaita. Zvino, tarisai, munoda kuziva kuti zviri papi. Jesu aive kushingaira kwenyasha here? J-e-s-u, 5, k-u-s-h-i-n-g-a-i-r-a. Ndizvo here? Kushingaira, nekuda—nekuda kworudo kwauri. Uye kana uchisvika kwaAri, unouya sei, nechii? K-u-t-e-n-d-a mu k-u-s-h-i-n-g-a-i-r-a. Ndizvo here? Kushingaira inhamba yenyasha, zvakanaka, kuvatendi.

320 Cherechedzai, Eria wekutanga, akanga ari iye mbune. Wechi 2 aiva Erisha. Wechi 3 aiva Johane. Wechi 4 aiva mutumwa wechi

7, kana kuti mutumwa wekupedzisira kuChechi, maererano naMaraki 4 naZvakazarurwa 10:7. Zvino, nguva yechi 5, mutumwa kumaJudha, kune 144,000 ava, kumaJudha, mushure mekunge Chechi yaenda.

<sup>321</sup> Ndi—ndi—ndiri kungonzwa zvisinganzwisike zvishoma, munoona. Maona? Tarirai, kana vamwe vachifunga . . . Ndinoda kuti mubate izvi zvino, munoona. Kana vamwe vachiri kufunga kuti Maraki 4, “kudzoredza” vanhu, ndizvo zvimwe chete zvaachaita zasi uko kumaJudha, uye vofunga kuti zvose zvakangofanana, regai ndingokugadzirisirai izvozvo, kwechinguvana. Munoona, zvingaite sekuti vhiringidzei zvishoma. Nokuti, imi rangarirai, muna Maraki 4, inoti, “Kudzosera Kutenda kwemadzibaba . . . kana kuti kwevana kudzokera kuna baba.” Munoona, kudzokera kuna baba!

<sup>322</sup> Zvino regai ndikuratidzei mutsauko weshumiro. Kana akauya kuzodzosera Kutenda kwevana kuchidzokera kumadzibaba, aizoramba Kristu. Aizodzokera kumurawo. Ndizvo here? Madzibaba vaichengeta murawo. Mazvibata here?

<sup>323</sup> Cherechedzai, apo Erisha, paakauya kuzozadzisa shumiro yake muna Maraki 4, munoona, saMaraki 4, Eria akanga ari oga.

<sup>324</sup> Asi paanouya kuzoshumira kumaJudha, waZvakazarurwa 11, ana Mosesi pamwe naye. Saka, hapana kuvhiringidzika, kwete zvachose. Maona? Mazvibata?

<sup>325</sup> Panouya Erisha, waMaraki 4, anenge ari ega. Eria achamhanya; kwete Eria naMosesi. “Eria” achasimuka. Asi kufemerwa kumwe chete, uko, kwakati Eria achauyira chikamu chekupedzisira chezera rechechi, “kuzodzoredza Kutenda kwevana kuchidzokera kune Kutenda kwepamavambo kwemadzibaba,” Kutenda kwevaapostora, uko kwaunofanira kudzokera. Zvino antikristu akavadhonzera vose kunze. “Kudzoredza,” semamwe Magwaro ose achibatana pamwe chete. Munoona, anouya ari ega. Maona?

<sup>326</sup> Asi paanouya kuChechi, Bhaibheri . . . kana kuuya kune 144,000 ava, Bhaibheri rinotaura pachena kuti vari vaviri iye . . . Kune 2 vavo, kwete 1 vavo. 2 vavo! Zvino shumiro yake yekutanga haana kukwanisa kutora maJudha nekuvadzosera kumurawo, anova iye . . . nokuti anouya, achiparidza Kristu kune 144,000 ava, ameni, “Hoyoka uYo, Mesiya uya akagurirwa panzira.” Ameni! Ndizvozvo, saka musazvvhiringidze. Haisi nyonga-nyonga. Gwaro harinyepe, kana zvachose.

<sup>327</sup> Kubwinya! Oo, pandazviona izvozvo, ndanga ndichisvetuka-svetuka! Ndikati, “NdinoKutendai, Ishe,” pandanga ndichizviona zvichiitika kunze uko. Ndaona Eria uyu achifamba kunze uko kuzera iroro rekutanga, ari ega, uye anga ari ega. Zvino pandamuona achiuya zvakare, kumwewo uko kune imwe nzvimbo, panga pane 2 vavo ikoko izvozvo pazvaitika. Ndikati,

“Hezvoka izvo. Izvozvo, zvabva zvaringana, Ishe. Amen! Ndazviona zvino! Hareruya!” Ndizvozvo chaizvo.

<sup>328</sup> Dai ndisina kunge ndazviture, zvingadai zviri kuti vhiringidzei zvishoma kune mumwe munhu. Asi iVo—iVo vandiudza kuti ndizviture, saka ndazviture.

<sup>329</sup> Cherechedzai, varume ava vanochengetwa vari vapenyu naMwari, kubva pashumiro yavo yepakutanga, kuitira shumiro iri mberi; vakaishanda zvakanaka kwazvo. Maona? Pafungei, mweya iwoyo waEria unoshumira ka 5; Mosesi, ka 2. Chii? Kuchengetwa vari vapenyu kuitira kumberi, basa riri mberi.

<sup>330</sup> Hapana kana mumwe wavo ainge akafa zvino; musazvitenda izvozvo. Vose vari vaviri vakaonekwa, vari vapenyu, vachitaura naJesu paGomo reKushandurwa. Asi, rangarirai, vanofanira kufa.

<sup>331</sup> Zvino, zvino, Mosesi akatofa chaiko. Asi akamuka, nokuti akanga ari mufananidzo wakakwana waKristu. Maona? Hapana anomboziva kwaakavigwa. Ngirozi dzakauya dzikamutura. Maona? Aiva neNgirozi sevatakuri vemutumbi wake. Uh-huh. Sei? Hapana munhu wenyama aikwanisa kumutakura kwacho kwaienda. Akangopfuura nemuchiito, ndizvo zvoga. Aiva neNgirozi, vatakuri vemutumbi, munoona, nekuti Vakamuendesa kwaifanira kuenda. Hapana anoziva.

<sup>332</sup> Nyangwe kuna Satani, aisatomboziva. Akakakavadzana neMutumwa mukuru. Ndizvozvo chaizvo. Haana kunzwisisa zvakaatika kuna Mosesi. “Ndakamuona achidedera neche ikoko. Uye akatarisa kunze panyika, uye akatarisa shure kuvana, nezvimwe zvakadaro, ndakamuona achidedera. Asi akakwira paDombo, uye ndiko kakanga kari kekupedzisira kumuona.”

<sup>333</sup> Ndiro Dombo racho! Ndiro Dombo racho! Regai ndimire paDombo iroro, pamagumo enzira yangu! Hongu, changamire! Zvino, iyo... Hama dzangu dzechitema dzaisiuya kumusoro kuno uye dzoimba kamwe karwiyo kadiki, “Dai ndaikwanisa, zvirokwasvo ndaimira paDombo iroro rakamirwa naMosesi.” Hongu, changamire! Oo, ndiro Dombo randinoda kumirawo pariri, zvakare. Nokutenda ndinomira ipapo.

<sup>334</sup> Asi rangarirai, Eria, akangoneta, nekuti aive nebasa rakawanda mberi kwake. [Hama Branham vanombomira zvishoma. Ungano inoseka—Mupepeti] Saka akanga arukutika chaizvo, Mwari ndokutumira chinomotakura kuenda Kumusha, ndizvozvo, vakatumira ngoro. Ndizvo here? Vakamura kumusoro. Haana kumbofa, nekuti Vakamuchengeta ari mupenyu. Vakanga vaine basa rake riri mberi. Vakamuita kuti azodze mumwe munhu, zvakare, munoona, anouya ari muMweya wake.

<sup>335</sup> Asi vanofanira kuravira rufu. Zvino Zvakazarurwa, chitsauko 11. Zvino, handei, nditoripo nechekare zvisinei. Regai titotanga nacho, Zvakazarurwa 11. Tarisai muone kana

vasina kuuraiwa vese vari vaviri. Hongu, changamire. Vose vanofanirwa kuravira rufu. Hongu, changamire. Mushure mekunge shumiro yavo yapera, vanoravira rufu. Zvakazarurwa 11, zvino ngatitangirei pa 7.

*Uye kana ivo...vapedza kupupura kwavo, chikara chinokwira chichibva mumakomba asina hwaro... chicharwa navo,...*

<sup>336</sup> Oo, ini zvangu, haatozvide zvachose; vaumburuki vatsvene vava vadzoka zvakare, munoona. Zvakanaka. Zvakanaka.

*...chichibva mugomba risina hwaro...chicharwa navo, uye chichavakunda, nokuvauraya.*

<sup>337</sup> Asi tarisai zvinoitika. Vanonyatsofananidzirwa zvino.

*Uye Mitumbi yavo icharara munzira—munzira yeguta guru iroro, ...pamweya...rinonzi Sodhoma neEgipita, kwakaroverwawo Ishe wedu pamuchinjikwa, (Jerusarema, munoona).*

<sup>338</sup> Zvino vanofanira kuravira rufu, (handizvo here?) ndizvozvo, mushure mekunge shumiro yavo yapera.

<sup>339</sup> Sei? Shumiro yemutumwa wechi 7, shumiro yemutumwa wechi 7, shumiro yaEria kumutumwa wechi 7, kwete...Ko sei zvisingagoni, sei zvaisagona, waro, ndiri kuedza kuti, shumiro yemutumwa wechi 7 ipapo inge ina Mosesi, kana asingafi, zvimwe chete zvayaigona kuva naEria? Sei ivo vasinga...Sei Mwari vasina kungotumira, vakati, “Eria, iwe—iwe wakashanda nesimba kwazvo, iNi...nezvose, nzvimbo dzose idzi dzakasiyana-siyana. Ndi—Ndinotenda kuti ndichangotumira Mosesi zasi uko”? Sei?

<sup>340</sup> Tarisai pashumiro yaMosesi. Eria akanga ari muporofita kumarudzi ose; asi Mosesi akanga ari mupi wemurayiro kumaJudha bedzi. Amen. Mosesi aripo kutaura...Chikonzero achiuya naEria...MaJudha iwayo achiti, “Mirai, tichiri kuchengeta murairo pano.” Asi hepano pamire Mosesi pachake; uye heuno Eria amire naye. Oo! Maona? Anouya kumaJudha chete. Maona? Mosesi akaenda chete kumuJudha; muporofita Eria aiva wekumarudzi ose. Asi Mosesi akava muporofita kumaJudha, nomupi womurawo. Maona? Ndiro rakanga riri shoko rake, murairo.

<sup>341</sup> Asi mharidzo yaEria yaiva yei? Kuvakadzi vakagerwa vhudzi; masangano. Hongu, changamire. Zvino akavabvarura-bvarura chaizvo. Zviso zvakapendwa; akavaudza, “Muchadyiswa kumbwa.” Akangonyatsovaudziridza chaizvo.

<sup>342</sup> Uye zvakare Mwera wake pawakauya pana Johane, akafamba nekukasika achibuda chaimo murenje ndokuita zvimwe chetezvo. Ndizvozvo. Akati, “Musafunge kuti tiri veizvi kana izvo. Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamu vana.”

343 Akafamba achiuya kuna Herodhiasi, ndokuti, “Saka unoreva kundiudza kuti wakaroorwa nemuramu vako chaiye. . .?” Akati, “Hazvisi pamutemo kuti udaro!” Oo, hama! Fiyuu! Hum! Akamuudza. Chokwadi.

344 Cherechedzai, mweya iyi inofanira kumirira kwechinguvana, kuitira 144. . .vaurayirwe chitendero. Oo, handizvo here, handizvo. . .? Zvinogobatanidza Bhaibheri iri pamwe chete.

345 Zvino nguva yangu yanyatsokwana, kana ndikakurumidza kukubuditsai. Asi ndine zvimwe zvinhu zvidiki zvishoma zvekutaura, kana muchikwanisa kuzvitambira. [Ungano inoti, “Endererai mberi!”—Mupepeti] Ndinoziva kuti kuri kupisa. Uye ndiri kudikitira.

346 Asi, teererai, ndinongova nechimwe chinhu chekukuudzai. Chakangonyatsonaka chaizvo, chiri kungopisa mumoyo mangu chaimo. Ndinovimba kuti hamuna kuchikanganwa, munoono. Regai nditaure izvi, muhupo hwaVo. Nyenyasha dzaVo, Vakaitawo kuti ndione vanhu vangu, kasiri kare, vakapfeka nguwo chena. Munozvirangarira here? Munorangarira? Munorangarira nyaya yacho here, kasiri kare? Mwenga weMarudzi, variko zvino. Vose vakanga vakapfeka nguwo chena.

347 Ndakanga ndamuka. Ndakambenge ndiri pamusangano. Ringada kuita gore rapfuura, kana kuti darikei zvishoma. Ndakamuka mamwe mangwanani, zvino ndakamuka. Zvino ndikati, “Mudiwa?” kumudzimai wangu. Haana kupfakanyika. Vana nezve. . . Ndaitofanira kuzomuka ndovaendesa kuchikoro, kumusoro kuno chaiko panzvimbo yekare. Zvino, nda—ndakamuka pamubhedha, munoziva, ndikazembera. Munoziva sei; kungogara wozembera musoro wako pahedhibhodhi. Tine imwe yemibhedha yechinyakare. Zvino saka ndakabva ndangozembera kumashure saizvozvo.

348 Uye ndakafunga, “Vakomana, watova ne 53 kare. Kana uri uchaitira Mwari chimwe chinhu, chitotanga hako kuchiita, nekuti uchange wanyanya—wanyanya kuchembera, mushure mechinguva.” Munoono.

349 Uye ndakafunga, “Munoziva, ndizvozvo, zvino.” Ndakafunga, “Vakomana, munoziva, handisi kure zvakananyanya. Ndinofanira kuenda manjemanje.” Ndakati, “Ndangoti—ndangoti darikei negore nguva yakararama baba vangu.” Maona? Ndakafunga, “Ndinofanira kuti ndisuduruke nenguva isipi. Ndakazviona. Zvino, pano, hapana chandaitira Mwari, nazvino.” Ndakafunga, “Ndakagara ndichida kuVaitira chimwe chinhu.” Ndakafunga, “Ndinofanira kukurumidza ndozviita, kana ndichizozviita. Uye handizivi kuti ndichazviita sei, ndizvo zvoga.”

350 Ndakafunga, “Varume, dai ndikararama kusvika pakuMuona achiuya. Handidi kuva chipoko, kana mweya.”

<sup>351</sup> Munooona, ndakagara ndichitya mweya. Uye zvino, munoziva, mhando iyoyo ye...Ndaigara ndichifunga, sokuti kana ndaizosangana naHama Neville zvino vainge vangori kagore kachena kadiki kachingotenderera, munoziva. Zvino ndaizoti, “Kaziwai, Hama Neville.” Uye vaizotiwo, “Kaziwai, Hama Branham,” neimwewo pfungwa; vasingakwanise kutaura. Asi ndaizongoziva kuti ndiHama Neville. Hongu. Ndaingada kukwazisa ruoko rwavo sezvandagara ndichiita. Nekuti, ndizvo zvega zvandinoziva, zviri vanhu. Munooona, ndaingada kuvakwazisa ruoko rwavo, asi apa havana ruoko. Rwuri zasi uko muguva, rwakaora kare. Maona?

<sup>352</sup> Ndakafunga, “Ini zvangu, ndinovimba kuti handizofanira kupinda nemazviri.” Zvino, ndakanga ndiri...Zvino ndiri kuzokuudzai chokwadi. Nda—ndaitya kufa; kusiri kutya kuti ndaizorasika, asi ndakanga ndisingadi kuva mweya. Ndinoda kungoramba ndiri munhu. Ndaida kumirira Kubvutwa, munooona. Ndaida kungogara ndakadaro. Ndakanga ndisingadi kuva mweya, ndichingotenderera. Ndainge ndakarara ipapo, ndichifunga izvozvo.

<sup>353</sup> Zvino, kamwe-kamwe, pane chimwe chinhu chakaitika. [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti]

<sup>354</sup> Zvino, munoziva, uye mose munoziva, nezvezviratidzo. Uye kana ichi chaiva chiratidzo, handina kumbova nechimwe chakafanana naichocho, munooona. Uye ndakava nazvo kubva ndichiri kakomana kadiki chaiko.

<sup>355</sup> Zvino, kamwe-kamwe, chimwe chinhu chakaitika. Zvino ndakatozvanzwa pachangu ndichienda. Ndakafunga, “Uh-oo.” Uye nda—ndakafunga, “Nda—ndatofaka ini, munooona, uye nda—ndatotungamira.” Maona?

<sup>356</sup> Zvino ndakasvika kune imwe nzvimbo, zvino ndikafunga, “Ndinotenda ndichambotarisa shure.” Zvaingova zvezmazvirokwazvo, shamwari, sekumira kwandakaita ipo pano. Maona? Zvino ndakatendeuka, kuti nditarise kumashure. Zvino hapo pandaive, ndakarara pamubhedha. Zvino ndaive ndakazvambarara, ndakarara padivi pemudzimai wangu.

<sup>357</sup> Ndakafunga, “Zvino, zvichida kwaive kukundika kwemoyo.” Maona? Ndakafunga, “Zvakanaka, munooona, ndangofa chiriporipotyo,” ingava iri nzira yakanaka yekuenda nayo. Saka, ndakafunga, “Moyo wangomira kushanda. Handina kutambudzika.” Ndakatarisa, ndokufunga, “Zvakanaka, zvino, zvinoshamisa. Hapo ndirere, apo chaipo; uye hepano ndimire, pano.”

<sup>358</sup> Saka, ndakatendeuka. Zvaiita semunda wakakura kwazvo—sewakakura kwazvo, tingati, kana chimwe chinhu, ungori munda mukuru wakatambarara wetsangadzi ye bluegrass. Uye—uye ndakati, “Zvino, handizivi kuti ichi chii?”

359 Zvino, kamwe-kamwe, pandakatarisa, hepano ndokuuya zviuru zvakapetwa zviuru zvemadzimai echidiki, vose vakapfeka nguwo chena, bvudzi rakarembere kusvika muchiuno chavo, vasina shangu, uye vakanga vachimhanya vakananga kwandiri. Ndakafunga, “Zvino chii ichi?”

360 Ndakatendeuka, ndikatarisa kumashure *uko*, zvino hapo pandaiva; ndokutarisa kumusoro *kuno*, havo vari kuuya. Ndakaruma munwe wangu. “Ini—ini—ini—ini handina kukotsira, chaizvoizvo.” Asi, ndaigona kunzwa nekubata. Ini ndikati, “Asika, zvino, ichi chimwewo chinhu pano, chisinganzwisike.”

361 Zvino vakadzi ava vakauya vose, vachimhanya. Uye handina kumbobvira ndakaona vakadzi vakanaka kudaro! Zvino vose vakauya, vachimhanyira kwandiri. Uye pavakamhanyira kwandiri . . .

362 Munoziva zvandiri, saizvozvo . . . Vanondidana kuti muvengi wemadzimai, asi handisi, munoona. Asi, ndi—ndinongofungawo kuti, mudzimai akanaka ndemumwe we . . . chishongo chinokosha. Asi, ndinofunga, uyo asina kunaka, angori, saSoromoni anoti, “mvura muropa rako.” Saka ini zvirokwazvo handina basa ne—nemukadzi ane mbiri yakashata kana anamazivazvose.

363 Zvino saka madzimai ose aya akauya. Vakatanga kundimbundira nemaoko avo. Zvino, izvozvo hazvisi zvezuva ese. Munoziva handaimbozvida izvozvo. Saka, zvino vaiva . . . Zvino, ndichada kuti nditaure izvi nenzira, yokuti, ndine—ndine boka revanhu vakasangana. Asi, vakanga vari, vakanga vari madzimai. Vaiva munhukadzi. Zvino vaka—vakandimbundira, mumwe nemumwe, ndokuti, “Hama yedu—yedu inokosha!” Zvino vaiti mumwe akandimbundira, zvino mumwewo zvakare ondimbundira.

364 Ndainge ndakamira ipapo, ndakatarisa. Ndakafunga, “Asika, zvino, chii ichi?” Maona? Zvino vakanga vamire ipapo. Ndakafunga, “Chii chaitika?” Ndakatarisa kumashure zasi. Ndaingovapo, ndakarara *ipapo*; uye hepano pandaive, ndakamira *pano*. Ndakafunga, “Zvino, zvinoshamisa. Ini—ini handizvinzwise.”

365 Uye madzimai aya achidaidzira, “Oo, hama yedu inokosha,” nekundimbundira. Zvino, vakanga vari mune zvese, pamanzwi, madzimai.

366 Zvino ndiregerereiwo, hanzvadzi, pandiri kutaura izvi, nekuti . . . Asi munoteerera chiremba wenyu; uye kana tisina pfungwa dzakachena, saka hatisi Makristu. Handina basa nazvo . . .

367 Ndakagara ndichirarama zvakachena. Mwari vanozviziva izvozvo. Pandaive ndiri mukomana mudiki, Mutumwa waShe akandiudza kuti ndisasvibise muviri wangu, kuputa, kana

kunwa. Uye changa chiri chokwadi. Nenyasha dzaMwari, ndakazvichengeta izvozvo. Pandaiva mutadzi, handina kumbomhanyidzana nevakadzi. Uye saka . . .

<sup>368</sup> Asi murume upi zvake anorega mukadzi achimumbundira mumaoko ake, iye akaumbwa nezvizenga zvechirume, uye iye, zvechikadzi, pane manzwiwo anoitika. Handina basa kuti uri ani, zvino, usandudza kuti hausi, kana uri munhu ane hutano kwahwo.

<sup>369</sup> Asi, kwete iKoko; nekuti hausisina, zvachose, zvizenga zvakatosiyana. Haufe wakatadza uri iKoko. Paiva neshanduko. Pakanga pasina chimwe kunze kwerudo kuhama kumadzimai iwayo.

<sup>370</sup> Kunyangwe, munyasha dzavaive vakatarisa; ndinofunga, mu—mudzimai, mudzimai akanaka anozvibata nenzira kwayo, uye ofamba semudzimai kwaye, ndiye mu—ndiye muenzaniso wechishongo chinokosha panyika. Ndi—ndinofarira chero chinhu chipi chakanaka. Ndinofunga, mu—mudzimai anobata nzvimbo yake, uye oedza kuva mudzimai kwaye, chi—chimiro cherukudzo. Ndinozvitemba izvozvo. Uye ndinofunga, mumwe asiri, zvakangofanana na—naKristu naantikristu, zvimwe chetezvo.

<sup>371</sup> Ndi—ndinofarira chero chipi hacho chiri muchimiro chemasikirwo acho. Sebhiza rakanaka, kana chimwe chinhu, rinongomira muchimiro charo chebhiza chairo rakanaka. Kana, chero chinhu chakadaro, gomo rakanaka, madzimai akanaka, varume vakanaka, chinhu chose chinomira mukugadzira kwaMwari, ndinogara ndichichiyemura.

<sup>372</sup> Zvino ava vakanga vakakwana. Asi zvisinei nekuti vaimbumbundira zvakadzi mumaoko avo, uye vaiva madzimai, munonzwisisa, asi hakwaigona kunge kuine chivi. Zvizenga zvemurume nezvizenga zvemudzimai, zvose, zvakanga zvichisipo. Ishe ngavavongwe! Dzaiva hanzvadzi dzangu, zvizere.

<sup>373</sup> Ndakatarisa. Uye ndikatanga ku. . . Nda—ndakatarisa maoko angu; ndakaona kuti vese vaiva vechidiki kwazvo. Zvino ndakatarira; neniwo ndaiva wechidikiwo, zvakare. Uye ini . . .

<sup>374</sup> Uye kurasikirwa nevhudzi rangu, ndiri murume wechidiki; kuisa carbolic acid pariri, mumwe mugeri ndiye akazviita, ndokuribvisa rose ndichiri mukomana. Zvino zvagara zviri sechi—chimwe chinhu kwandiri, kuti ndi—ndi—ndinobatwa nedziwa nekukurumidza, nekuti ganda rangu remusoro richiri rakapfava, munoziva. Uye midzi yebvudzi ichiripo, asi yakapiswa ne carbolic acid, zvino vhudzi harigoni kukura, munooni.

<sup>375</sup> Zvino ndakaenda, mudzimai wangu, apo ini. . . makore mazhinji akapfuura, uye akanditsvagira kachidimbu kewigi kekupfeka, kachidimbu kadiki kevhudzi, kuti ndipfeka,



ndifukidze musoro wangu. Asi ndaigara ndichinyara kukapfeka, nekuti kairatidzika kunge chimwe chinhu chenhema. Uye ndakanga ndisingadi chinhu chenhema.

376 Uye saka ndakafunga, “Ndichangopfeka hangu heti yewuru.” Zvino, ndakazviita, kwechinguva. Munoziva zvavakaita here? Vaida kundidaidza kuti “bhishopi” zvino, vakati ndaida kuva. . . Maona? Ndakangoti, “Regai ndiisiye.”

377 Saka ndinongotambura nedziwa rakashata, uye ndozvirega. . . Asi, ini. . . iwe. . . kungovhura mahwindo iwayo, kana chero chinhu, morega tumhepo tushoma tuchipinda saizvozvo, vakomana, ndatoribata.

378 Zvino ndakaenda kune mumwe chiremba ndikamubvunza, kuti aifungei. Akati, “Zvino, munoono, maburi enyu—enyu eganda akavhurika. Muri kudikitira, kubva pakuparidza. Mhepo iyoyo inouya. Ino—inoisa hutachiona hwedziwa kumusoro kuno mumadzihwa, zvino hunodzika nepahuro penyu. Mangwanani anotevera monge muri kushoshoma. Ndizvo.”

379 Uye—uye saka, oo, ini zvangu, imi machinda mune vhudzi, hamuzive kuti munofanirwa kunge muchitenda zvakadii, nekuva naro. Ndizvozvo chaizvo. Maona?

380 Zvakanaka, zvino, ndakaona, zvino, kuti ndiri—ndiri kuzo. . . Rimwe remazuva ano, kana ndikasawana mazino angu, ndichatowana mamwe awo, uye, saka, kana kuti ndogara zvangu ndisinawo.

381 Saka kana munhu—kana munhu. . . Zvinoka, handifunge kuti zvingareve zvakanyanya kumunhurume, kana achida hake, kupfeka kachidimbu kewigi, sezvazvingaite kumudzimai anopfekera rimwe vhudzi iri rembeva kana makonzo, hameno zvavanoisa muvhudzi ravo saizvozvo, kurinatsurudza. Maona? Asi—asi, hongu, kana uchizviita, zvinongoenderana nekuti uri kuzviitirei. Maona? Zvinoenderana nezvauri kuzviitira. Uye saka. . .

382 Asi, zvisinei, ndakamira ipapo, ndakanzwa mumusoro, zvino ndakanga ndava nevhudzi rangu zvakare. Ini zvangu! Ndaiva wechidiki. Uye neava, vose ava, vechidiki! Zvino ndakafunga, “Zvakanaka, izvi hazvishamise here izvi! Hevano! ava.” Zvino vese vaimhanya. . .

383 Zvino ndakatarira, vachiuya, uye ndi—ndikaona Hope achiuya. Aitaridzika. . . Munoziva, akafa ava nemakore 22. Ainge achakangonaka sekare. Vazhinji venyu munomurangarira; maziso aya makuru matema. Akanga ari muJerimani. Bvudzi rake dema rakaremba zasi kumusana kwake. Ndakafunga, “Zvino, kana asvika pano, achati—achati, ‘Bill.’ Ndinoziva kuti achadaro. Ndinoziva kuti achati, ‘Bill,’ paanongosvika pano.”

<sup>384</sup> Ndainge ndakatarisa. Uye mumwe nemumwe wemadzimai aya achiuya nekundimbundira, vachiti, “Oo, hama inokosha, tinofara zvikuru kukuonai!” Zvino ndakafunga... Vese vakapfeka zvakangofanana, asi vaine vhudzi ravo rakasiyana, munoziva, vhudzi dzvuku, nevhudzi dema, nevhudzi rakachenuruka. Uye—uye vaiuyapo, asi vose vakanga vari vechidiki.

<sup>385</sup> Zvino paakasvika pandiri, ndakafunga, “Ndichangoona kuti achati kudii.”

<sup>386</sup> Zvino akanditarisa, uye akati, “Oo, hama yedu inokosha!” Akandimbundira, ndokungopfuurira hake mberi. Mumwe mudzimai ndokuuya, aitevera, akandimbundira.

<sup>387</sup> Zvino ndakanzwa ruzha. Zvino ndokutarisa neche *uku*, zvino kwakauya boka revarume, machinda echidiki, vose pazera ringangoita makore 20. Vaiva nebvudzi dema, nebvudzi rakachenuruka. Zvino vose vakanga vakapfeka nguwo chena, uye vasina shangu. Zvino vakamhanyira kwandiri ndokutanga kundimbundira, vachidanidzira, “Hama inokosha!”

<sup>388</sup> Ndakafunga. Ini ndakatendeuka, zvino ndaingovapo, ndichakarara ipapo. Zvino ndakafunga, “Asika, zvino, izvi zvinoshamisa.”

<sup>389</sup> Zvino panguva iyoyo Inzwi rakatanga kutaura neni. Handina kumboriona Inzwi iri. Rakati, “Waunganidzwa, iwe—iwe waunganidzwa kuvanhu vako.” Uye ipapo vamwe varume vakandisimudza, vakandigadzika kumusoro-soro, pane chinhu chikuru chakakwirira sezvizi.

Ndakati, “Sei madaro?”

Vakati, “Panyika waiva mutungamiri.”

Ini ndikati, “Asika, ini—ini handisi kuzvinzwisisa.”

<sup>390</sup> Zvino Inzwi riya richitaura neni. Ndaisatomboona Inzwi iri. Zvino, Rakanga riri neche pamusoro pangu, richitaura neni.

<sup>391</sup> Ndakati, “Zvino, kana nda—kana ndafa, ndinoda kuona Jesu.” Ndakati, “Ini... Akanga ari chaizvo... Akanga ari hupenyu hwangu hwese. Ndinoda kuMuona.”

Uye saka Akati, “Haukwanise kuMuona zvino. Achiri kumusoro-soro.”

<sup>392</sup> Munoono, paiva pazasi peartari, nazvino, munoono, nzvimbo yechi 6, kunoenda vanhu, munoono; kwete yechi 7, uko kuna Mwari, chiyero chechi 7. Chechi 6!

<sup>393</sup> Uye vakanga—uye vakange variko vose, uye vaipfuura. Ini ndikati... Zvaiita sokunge kwaiva nemamiriyoni chaiwoiwo avo. Handina kumbobvira ndakavaona... Zvino, pandakagara ipapo, vakadzi nevarume ava vachingomhanya uye vachindimbundira, vachindidaidza kuti “hama.” Zvino ndakagara ipapo.

<sup>394</sup> Ndokubva Inzwi riya rati, “Waunganidzwa kuvanhu vako, saJakobho akaunganidzwa kuvanhu vake.”

Ndikati, “Vose ava, vanhu vangu? Vese ava ndevakwaBranham here?”

Akati, “Kwete. Ndeavo vawakatendeutsa kuna Kristu.”

<sup>395</sup> Ndakaranga-tinga. Zvino paiva nemudzimai akanaka chaizvo akamhanya achiuya. Aitaridzika sezvimwe chetezvo. Akabva andimbundira neruoko rwake, zvino iye akati, “Oo, hama yangu inokosha!” Akanditarisa.

<sup>396</sup> Ndakafunga, “Ini zvangu! Aitaridzika seNgirozi.” Zvino ndokupfuura hake.

Zvino Inzwi riya rikati, “Wamuziva here uyu?”

Ndikati, “Kwete, handina kumuziva.”

<sup>397</sup> Akati, “Wakamuunza kuna Kristu apfuura makore 90.” Akati, “Unoziwa kuti sei achifunga zvakananyanya nezvako?”

Ndakati, “Musikana akanaka uyu anga apfuura makore 90?”

<sup>398</sup> “Hongu.” Akati, “Haachagoni kushanduka zvachose iko zvino.” Akati, “Ndicho chikonzero ari kuti, ‘Hama inokosha.’”

<sup>399</sup> Ndakafunga, “Oo, ini zvangu! Zvino ndizvo zvandanga ndichitya izvi? Handiti, vanhu ava ndevchokwadi.” Ivo, hapana kwavaienda. Vakanga vasina kuneta, nekunge vari iKoko.

Zvino ini ndikati, “Saka, sei ndisingakwanise kuona Jesu?”

<sup>400</sup> Akati, “Zvakanaka, zvino, Acha—Achauya rimwe zuva. Uye Achauya kwauri, kutanga, uyezve uchatongwa.” Akati, “Vanhu ava ndivo vawakatendeutsa ukatungamirira.”

<sup>401</sup> Uye ndikati, “Munoreva, nekuva mutungamiriri, kuti ini . . . kuti Achanditonga here?”

Ndokuti, “Hongu.”

<sup>402</sup> Ini ndikati, “Mutungamiriri wese anofanira kutongwa saizvozvo here?”

Ndokuti, “Hongu.”

Ndikati, “Ko Pauro?”

Akati, “Anofanira kutongwa pamwe nevake.”

<sup>403</sup> “Zvakanaka,” ndikati, “kana boka rake rikapinda, neranguwo richapinda, nokuti ndakaparidza Shoko rimwe chetero.” Ndizvozvo. Ndakati, “Paakabhabhatidza muZita raJesu, neniwo ndakazviita, zvakare. Ndakaparidza . . .”

<sup>404</sup> Zvino mamiriyoni akadanidzira, vose pakarepo, vakati, “Takazorora pane izvozvo!”

<sup>405</sup> Zvino ndakafunga, “Ini zvangu! Dai ndakangoziva izvi ndisati ndauya kuno, ndaizoita kuti vanhu vauye

kuno. Hazvibviri kuti vapotse izvi. Handiti, onaiwo pano!” Ndokubva . . .

406 Uye Akati, “Zvino, rimwe zuva Achauya, uyezve . . . Zvino, muno umu, hatidye, hatinwe, kana kurara. Tese tingori vamwe.”

407 Zvino, hakuna kukwana; kunopfuurira kukwana. Hakuna kunakisisa; kunodarika kunakisisa. Hakuna zita rinogona . . . Iwe haugone kufunga . . . Hakuna mazwi ari mumutauro ekuzviture. Watongosvika, ndizvo zvoga.

408 Uye ndakafunga, “Zvino, izvi, izvi zvingave zvakakwana. Zvino manje chii chinotevera chatichaita?”

409 Akati, “Zvino, kana Jesu auya, uye tiri . . . zvino Okutonga, kana kuti nekuda kweshumiro yako, tinobva tadzokera panyika tonotora mitumbi.” Zvino, ini—ini handina kumbobvira ndakafunga nezvazvo. Ringori Gwaro chairo. Akati, “Tinobva tadzokera panyika tonotora mitumbi, tobva tadya. Hatidye kuno, uye hatirare.” Akati, “Tinodya zasi ikoko, asi tinodzokera kunyika.”

410 Ndakafunga, “Ini zvangu, izvi hazvishamise here! Oo, ini zvangu! Uye ndaizvitya. Ko sei ndaitya kufa, kuti ndiuye kune izvi? Zvino, uku ndiko kukwana, nekumwe kukwana, nekumwe kukwana. Oo, izvi zvinoshamisa!”

411 Munoono, takanga tiri pasi chaipo peartari. Maona? Ndizvo zvazvaiva, munoono, pasi chaipo peartari, takamirira Kuuya, munoono, kuti iYe aende kunotora avo vakanga vavete mu . . . mi—mitumbi yakarara muvhu, otimutsa zvakare; ouya, otimutsa.

412 SaJesu akauya nemuparadhiso, ndokuunza Abrahamu, Isaka, nevamwe vose, munoziva, vakanga vakamirira rumuko rwekutangana. Vakapinda muguta ndokuonekwa navazhinji.

413 Zviri muMagwaro zvakakwana. Chiratidzo chaiva chakadaro, kana chero zvachaive, chainyatsova muRugwaro zvakakwana.

414 Ini ndikati, “Manje, izvi hazvishamisi here!” Zvino ipapo ndakafunga, “Izvi hazvishami- . . .?”

415 Ndakanzwa chimwe chinhu chichichema zvinyoro, sebhiza. Zvino ndokutarisa. Zvino bhiza rangu diki rekutasva randaisitasva, Prince mudiki, ndaifunga zvakanyanya nezvake. Zvino aivepo, akamira ipapo pedyo neni, ndokuisa musoro wake pabandekete rangu, kuti andimbundire. Sepandaimupa shuga, munoziva, iye ndokuisa wake . . . Ndakamumbundira neruoko rwangu. Ndikati, “Prince, ndaiziva kuti unenge uri kuno.”

Ndakanzwa chimwe chinhu chichinanzva ruoko rwangu. Yaiva imbwa yangu yandaivhimisa majerenyenje.

416 Apo—apo VaShort, zasi kuno, vakaisira muchetura, ndakapika kuti ndaizouraya VaShort nekuda kwazvo. Ndaiva

nemakore anenge 16. Vakamuisira muchetura, ndokumupa chepfu yembwa. Zvino baba vangu vakandibata ndine pfuti, ndichidzika kuti ndinovapfura, mukamba yemapurisa chaimo. Uye ini ndikati, “ndichavauraya.” Ndikati, “Zvakanaka...” Ndakaenda kuguva rembwa. Nda—ndakaiviga. Ndikati, “Fritz, wanga uri shamwari chaiyo kwandiri. Wakandipfekedza nekundiendesa kuchikoro. Pawaichembera, ndanga ndiri kuzokuchengeta. Zvino vakuuraya.” Ndikati, “Ndinokuvimbisa, Fritz, kuti murume uyu haasi kuzorarama.” Ndikati, “Ndinokuvimbisa, haasi kuzorarama. Ndichamubata munzira imwe nguva, achifamba, ndobva ndamutsika, munoona.” Zvino ini ndikati, “Ndichakubatira hako murume uyu.”

417 Asi munozivei? Ndakatungamirira murume uyu kuna Kristu, ndikamubhabhatidza muZita raJesu, ndikamuviga parufu rwake. Hongu, changamire. Ndakazotendeuka angaite makore 2 kubva ipapo. Ndakazoono zvinhu nenzira yakasiyana ipapo, munoona. Ndakavada pachinhanho chekuvavenga.

418 Saka zvino, asi, zvisinei hazvo, hapo paiva naFritz akamira ipapo, achindinanzva paruoko. Uye ndakanga ndiri... Ndakatarisa.

419 Ndaisakwanisa kuchema. Hapana aikwanisa kuchema. Waingova mufaro bedzi. Waisagona kusuwa, nekuti waiva mufaro bedzi. Hawaigona kufa, nekuti hwaiva Hupenyu bedzi. Maona? Maona? Hawaikwanisa kuchembera, nekuti zvaive zvechidiki bedzi. Uye ndizvo... Zvakangokwana. Ndakafunga, “Oo, izvi hazvishamise here!” Uye mamiriyoni aya... Oo, ini zvangu! Ndaive kumusha chaiko, munoona.

420 Zvino—zvino pakarepo ndakanzwa Inzwi. Uye Rakadanidzira, richiti, “Vese vawakamboda...” mubairo wekushumira kwangu. Handidi kana mubairo ini. Akati, “Vese vawakamboda, nevose vakambokuda, Mwari vakakupa iwe.”

Ndikati, “Ishe ngavarumbidzwe!”

421 Ndakaita manzwiwo asinganzwisike. Ndakafunga, “Chii chiri kunetsa? Ndine manzwiwo asinganzwisike.” Ndakatendeuka ndokutarisa. Zvino pamubhedha uya, mutumbi wangu wanga uchipfakanyika. Ndikati, “Oo, handifanirwe kudzokera, chokwadi. Regai, musandirega ndichienda.”

422 Asi Vhangeri raifanira kuparidzwa. Munguva pfupi-pfupi, ndakanga ndava pamubhedha zvakare, munoona, saizvozvo.

423 Isingapfuuri mwedzi 2 yadarika, izvozvo... Makazvinzwa mukazviverenga mu—muBusiness Men’s Voice. Zvakaenda pasi rose, munoona. Uye Hama Norman, vari muno, ndinofunga kuti vari muno pane imwe nzvimbo manheru ano. Vakadudzira kubva ipapo, uye vakazvitumira ari matirakiti. Zvakaenda kwese-kwese. Uye vashumiri vakanyorera kuno, vazhinji vavo, ndokuti... .

424 Imwe pano, ndichangotaura iyi chete. Kune mazana adzo, chaizvoizvo. Uyu akamhanya, akati, “Hama Branham, chiratidzo chenyu muBusiness Men’s Voice. . .”

425 Uye ndinoyemura Tommy Nickels, kunyangwe achisiri pamwe neveBusiness Men, zvachose. Handizive kuti sei, asi haachisiri. Asi akazviisa imomo zvakanaka-naka, pandakataura. Imomo chaimo mumagazini iri revehutatu, akati, “Ipo ini. . . Apo Pauro akabhabhatidza muZita raJesu, uye akaraira vanhu kuti vaite zvimwe chete, ndakaita zvimwe chete.” Munoono, akazviisa sezvazvaingova. Maona? Uye saka zvino nda—nda—ndakafunga, “Ini zvangu!”

426 Mushumiri uyu akanyora, akati, “Hama Branham, chiratidzo chenyu. . .”

427 Icho, chaigona kunge chiri chiratidzo. Akati. . . Zvino, handidi kutaura kuti, “kushandurwa.” Kana Pauro. . . Kana ndakatakurwa kumusoro mudenga iri rokutanga ndikaona izvozvo, ko Pauro akatakurwa kumusoro chaiko kumatenga echi 3? Chaiva chii ichocho? Akati haaikwanisa kana kutaura nezvazvo, munoono, kana akatakurwa kumusoro. Kana kwaive kutakurwa kumusoro, handizive. Handikwanise kutaura. Handaikwanisa kukuudzai.

428 Asi mushumiri uyu akati, “Hama Branham, chiratidzo chenyu chainzwa kuva cheMagwaro uye changa chakanaka kusvikira mazotaura nezvebhiza richinge ririko.” Akati, “Bhiza Kudenga?” Akati. . . Zvino munoono murume uyu muparidzi, huchenjeri, pfungwa? Maona? Akati, “Denga rakagadzirirwa vanhu, kwete mabhiza.”

429 Zvino, ndokugara pasi. Billy, mwanakomana wangu uyu ari apa, akaisa tsamba iyi imo muno chaimo muhofisi yekare yechechi, ingaite mwedzi 3 kana 4 yadarika.

430 Ndakati, “Hama yangu inokosha, ndinoshamiswa nehuchenjeri hwenyu, asi, nekuziva kwenyu Magwaro. Handina kutaura kuti ndanga ndiri Kudenga. Ndakati yaiva nzvimbo yakaita separadhisu, nekuti Kristu akanga achiri kumusoro, munoono. Asi,” ndakati, “kana zvikagona kukugutsai, vhurai kuna Zvakazarurwa 19. Zvino Jesu paanobuda kumatenga eKudenga, Anenge akatasva bhiza jena, uye nevatsvene vose vanaYe vakatasva mabhiza.” Ndizvozvo. Zvirokwazvo. Hongu, ndizvo.

431 Uye kumusoro muNzvimbo imwe chete iyoyo, paiva nechimwe chairatidzika sechapungu, nechimwe chairatidzika senzombe, uye nechimwe. . . Zvinoka, ini zvangu, aripi mabhiza aya akauya kuzatora Eria? Zvinongoratidza, munoono, kuti pfungwa dzemunhu dzinongoda chimwe chinhu chekutsoropodza. Ndizvozvo chaizvo.

432 Zvino cherechedzai. Asi ndaingofunga, sehama iyi inokosha, ine humwari, Johane. . . Ndangofunga kuti ingava nzvimbo

yakanaka kupinza izvozvo, ndisati ndavhara, munoona. Kana Johane akatarisa Ikoko, uye ivo vaive hama dzake, munoona, hama dzake dzaifanira kumbotambudzika zvishoma; zvino, munoona, Ishe Mwari vakanditendera kuti ndione hama dzangu nevatsvene vakanga vakamirira Kuuya kwaShe. Cherechedzai, vakanga vasiri pasi pearitari yechipiriso; vangu vakanga vasiri. Asi, ava vakanga vari, vakanga vafira chitendero. Maona? Vangu vakanga vasiri pasi peartari yevakafira chitendero.

<sup>433</sup> Zvino ndinoda kuti munyatsoteerera. Uye ndichavhara, chokwadi, mumaminiti angangoita 10, na 10 o'clock, kana ndiri ndingazovigura ndozopedzisa mangwana.

<sup>434</sup> Tarisai. Ivo, vakanga vasiri vangu. . . avo vandakaratiidzwa naShe, Mwenga, Wakanga usiri pasi peboka revakafira chitendero, kwete, artari yezvipiriso yevakafira chitendero; asi vakanga vagamuchira hanzu chena, nokugamuchira nyasha dzinoregerera dzeShoko benyu. Kristu akanga avapa nguwo chena. Handifunge kuti, nekuzarurwa. . .

<sup>435</sup> Kana kuti, ndinofunga, waro, nekuzarurwa kweChisimbiso Chechishanu ichi, sezvandinotenda, kuti Chazarurwa kwatiri. Ndazviita nehana yakanaka, nechizaruro chakajeka pamberi paMwari. Kwete kuedza kungozviita, ndifunge, nokuti ndaigara ndichipesana nesangano, handina kumbofa ndakava wavo. Asi Chazaruka kwandiri zvino.

<sup>436</sup> Uye ndinofunga chimwe chinhu. Nokuzarurwa kweChisimbiso Chechishanu ichi, muzuva rino, kunotwasanudza imwe dzidziso pano chaipo, yandingataura nezvayo, yekurara kwemweya. Zvino, ndinocherechedza kuti mune vanhu muno vanotenda izvozvo, munoona, mukurara kwemweya. Ndinofunga kuti iZvi zvinopesana naizvozvo. Havana kurara. Vapenyu. Mitumbi yavo, ndiyo yakarara. Asi, mweya, kwete muguva, vari muHupo hwaMwari, munoona, pasi pearitari.

<sup>437</sup> Apa ndipo pandinopesana neimwe hama inokosha, mudzidzisi. Uye, ndacherechedza, ndinoziva kuti ndinoona vamwe vevanhu vake vagere pano. Uyo, wandinocherechedza kuti uyu mudzidzisi mukuru. Ndichiremba, uye chi—Chiremba we Divinity, uye Ph., LL.D. Uye mu—murume chaiye akanakawo, zvakare. Ndinofunga kuti akatungamira, panguva ino. Asi akanga ari murume akanaka, uye munyori akanaka. Uye ndiHama Uriah Smith, munyori wa*Dhanieri neZvakazarurwa*. Zvino, kwamuri imi vanhu vanotevera dzidziso dzake, munoona, zvino handi. . . Handisi bedzi. . . handidi kutaura izvi mukuzvikudza, asi ndinongo. . . Maona?

<sup>438</sup> Asi, Hama Smith, uye vachiedza kutsigira, munoona, uye kuedza kutsigira zvekurara kwemweya, ipapo vanotaura kuti, “Mweya unorara. Uye hakuna aritari yechipiriso Kudenga. Kutu, aritari yoga yakataurwa nezvayo ndeyekuti,” yava—vanotenda

kuti iri Kudenga, “iaritari yezvinonhuwira.” Asi kwamuri vadikani. . . Uye ndisingapesani nehama yangu. Ndichazo- . . . ndinotaraisira kusangana navo kune rimwe divi, munoona. Ndisiri kupesana nemudzidzisi mukuru uyu.

<sup>439</sup> Asi kungokuratidzai kuti iZvi zvinopesana sei nazvo, munoona. Zvinopesana nazvo. Kuzarurwa kweChisimbiso ichi, muzuva rino rokupedzisira, kunongobvisa nyaya iyi yekurara kwemweya munzira. Maona? Vapenyu. Havana kufa. Maona? Cherechedzai.

<sup>440</sup> Cherechedzai izvi zvino. Zvino, kana pasina aritari yechipiriso Kudenga, ko Chibayiro chezvivi chirere papiko zvino, iro Gwayana? Panofanira kuva nenzvimbo iyo Gwayana iro rakabayiwa, rine ropa, rakarara ipapo, apo Ropa . . . riri.

<sup>441</sup> Zvino, zvinonhuwira zvakanga zviru munhuwi, zvinhu zvinonhuwira zvavaipisa, izvo Bhaibheri rakati yaiva “minyengerero yavatsvene.” Kana pasina chibayiro paaritari, saka minamato haikwanise kugamuchirwa. Zvingori kubudikidza neRopa chete, paaritari yechibairo, rinoita kuti minamato iende kuna Mwari.

<sup>442</sup> Hama Smith vakakanganisa, munoona. Ndisingapesani zvangu navo; ndinofunga kuti ndazvijekesa pachangu, nerudo kuhama neruremekedzo rwebasa ravo guru, munoona. Asi vakakanganisa.

<sup>443</sup> Chisimbiso Chechishanu chazvizarura izvozvo, munoona, munoona; zvimwe zvinhu zvakawanda, kana mazvibata. Maona? Ndakamirira mibvunzo yangu, munoona, kana ini . . . Zvakanaka.

<sup>444</sup> Zvino, areka yakanga iripi; Gwayana rakauraiwa, rakakuvadzwa, raijuja ropa, rizere neropa rekuyanana, kuitira minamato inonhuwira iyi?

<sup>445</sup> Cherechedzai, Bhaibheri rinoti, “Kana tabhenakeri ino yepanyika yatinogara ichinge yaparadzwa, tine imwe yakatomirira kare.” Ndiko kwandakaona vatsvene vava. Maona?

<sup>446</sup> Tarisai kana mwana. . . Ndiregerere iwo zvakare, hanzvadzi, nekutaura uku kwakananga pamberi pemadzimai echidiki. Asi, tarisai. Kana amai vabata pamuviri, uye chisumbu chidiki ichi chemamhasuru chinenge chichimonyoroka nekuchirika-chirika, munonzwisisa, kuti mutumbi wenyama. Uye sezvingori masikirwo ari kugadzira mutumbi wenyama . . .

<sup>447</sup> Makambocherechedza here mudzimai wenyu vana vasati vazvarwa? Anogara, nguva dzose, kwekupedzisira, anova nemoyo chaiwo une mutsa, achitapira. Kana anga asina kunge akadaro, hupenyu hwake hwese, panguva iyi anenge achitapira. Makambocherechedza here hutsvene, kana mhando yemanzwiro, amunocherechedza pana amai ava?



448 Zvino unoona mumwe mutadzi kunze uko, achiseka amai vari mu—mudzimai ane pamuviri. Ndinofunga kuti hazvina musoro. Hupenyu huri kuuya panyika.

449 Asi makambocherechedza here, kuti munharaunda dzaamai ava mune manzwiro anotapira? Chii ichocho? Mutumbi mudiki wemweya, hupenyu hwemweya, hwakamirira kuuya mumutumbi mudiki uyu paunongozvarwa. Zvino apa ichingori mimba; asi, kana azvarwa, atozvarwa. Mutumbi wemweya unobatana nemutumbi wenyama.

450 Uye, ipapo, Bhaibheri rinodzidzisa kuti isu zvino takaberekwa naMwari. Takazvarwa neMweya Mutsvene, kuti, matiri muna Kristu, mwanakomana waMwari achiumbwa mukati medu. Zvino kana mutumbi wepanyika uyu waparadzwa, mutumbi uyu wemweya unobva muura hwenyika, kune mumwe mutumbi wakamirira kuugamuchira. “Kana tabhenakeri ino yepanyika yadonhedzwa, pane mumwe mutumbi wokuugamuchira.” Mutumbi unofa uyu unopfeka kusafa. Wepanyika uyu unopfeka wekudenga. Izvi, munoona zvandiri kureva? Kune mutumbi wepanyama unotadza; asi, pamagadzirirwo awo, sezvawakangoita, kune mumwe mutumbi watinoenda kwauri.

451 Uye ndinotenda zvikuru kuna Mwari kuti ndinogona kuti, semufudzi nehama yenyu, ndakaona vanhu ava, zvechokwadi chaizvo, mumutumbi iwoyo, uye ndikavabata nemaoko angu. Ndizvozvo chaizvo. Cherechedzai.

452 Tarisai. Tarisai kuna Mosesi, Eria. Mushure mekunge Mosesi afa, uye Eria atorwa Kudenga, akamira pano paGomo reKushandurwa aine pfungwa dzake dzokutaura, kunzwa, kunzwisisa, ndokutaura naJesu asati arovererwa pamuchinjikwa. Zvino, imhandoi yemutumbi waaiva nawo?

453 Tarisai kuna Samuiri, mushure mekunge afa kweangaite makore 2. Akadanwa kuti adzoke muba—bako husiku ihwohwo, nemuroyi wekuEndori, ndokutaura naSauro nomutauro; akanzwa Sauro, akatopindura, uye akatofanoziva zvinhu zvakanga zvichazoitika. Zvakadaro, mweya wake wakanga usina kushanduka. Akanga ari muporofita.

454 Kana mweya waEria wauya pamunhu, unomuitisa sezvakangoita Eria. Anoenda kurenje. Achange achida renje. Achava muvengi wevakadzi vasina hunhu. Achange achipesana nesangano. Haana munhu waachazeza. Uye zvingori. . . Ndiwo, ndiwo uchava mweya wake. Ndizvo zvawaiva, nguva imwe neimwe pawaiuya, munoona.

Mosesi achange ari munhu mumwe cheteyo.

Zvino, uye tinoona, muna Zvakazarurwa 22:8, chinhu chimwe chetecho.

<sup>455</sup> Zvino, kana kuzvitsanangura, kuitira avo vaka . . . Mweya iyi (zvino tarisai izvi) pasi peartari, pakuparurwa kweChisimbiso ichi, yakanga yakauraiwa munguva iri pakati perufu rwaKristu nekukwira kumusoro kweChechi; boka raEichmann, neavo vose, maJudha iwayo echokwadi ane mazita avo ari muBhuku. Kana mukatarisa, hama yangu, maringe neGwaro, vaigona kukurukura, kudandzira, kutaura, kunzwa, uye vaive nepfungwa dzose 5. Havana kurara muguva, vasina zvavanziva. Vainge vakanyatsomuka chaizvo, uye vachigona kukurukura, kutaura, kunzwa, chero chimwewo chinhu. Ndizvo here? Oo, tibatsireiwo!

<sup>456</sup> Maminiti 2. Amen. Ini . . . ndine hurombo ndakuchengetai kwehafu yeawa. Kwete, handikwanise, handifanire kutaura kudaro, munona. Maona? Ndizvozvo, munona.

<sup>457</sup> Asi, tarisai, hekuno kunzwisisa kwangu kuzere, kuzere chaiko. Uye maringe nechizaruro chandapihwa mangwanani ano kusati kwayedza, naIshe Jesu Kristu, hecho Chisimbiso Chechishanu chazarurwa, chichifambidzana nezvimwe 4. Nenyasha dzaVo, Vachipa kwandiri, nyasha dzaVo kwaUri neni. TinoVatenda nekuda kwaCho. Uye, nerubatsiro rwaVo, ndinoda kugara nepedyo . . . sezvandinogona kugara, ndichidzidzisa vamwe kuita zvimwe chetezvo, kusvikira ndasangana naYe, nemi, muKubwinya, kana zvinhu zvose zvapera. NdinoMuda nokuda kwaizvozvi, uye ndirwo ruzivo rwangu ruzere paChiri.

<sup>458</sup> Uye ndinotenda zvechokwadi, nemoyo wangu wese, kuti zvizaruro zvechokwadi zvekuzarurwa kweChisimbiso Chekutanga, Chechipiri, Chechitatu, Chechina, neChechishanu, zvazaruka zvino kwatiri.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida

. . . ? . . .

Pamuti weKarivhari.

[Hama Branham vanoimba mahon'era kuti *NdinoMuda*—Mupepeti]

<sup>459</sup> Zvino, chinyararire, mukuremekedza, pamberi paMwari! Sezvataona Chisimbiso ichi chichizarurwa kwatiri, Mwari vachitatora vana vaVo pachaVo vanodikanwa ndokupofomadza maziso avo, ndokuvatuma, nokuti nduramo—nduramo yaVo Vomene inoda mutongo wechivi. Pafungei ipapo. Nduramo yavo, nehutsvene hwaVo hunoda kururamisa. Murawo usina murango hausi murawo. Zvino mirawo yaVo iVo, pachaVo, haVakwanise kuitiyora voramba vari Mwari.

<sup>460</sup> Ndicho chikonzero Mwari vakatozova munhu. Havana kukwanisa kutora chinotsiva, mwanakomana akanga asiri . . . angori mwanakomanawo zvake kwaVari, kana chimwe chinhu. Mwari vakava zvose, Jesu akava zvose Mwanakomana naMwari,

nzira bedzi yaAikwanisa kuzviita nenduramo. Mwari vakatatora murango wacho, pachaVo. Hazvainge zvakarurama, kuuisa pane mumwewo munhu, mumwe munhu. Saka, Jesu paUzima aiva Mwari, vakaratidzwa munyama, vanonzi Emanueri.

<sup>461</sup> Uye kuita izvozvo, nokutora Mwenga, nokuponesa boka rakarasika reMarudzi, Vakatozopofomadza vana vaVo Vomene. Uye vobva vavaranga nokuda kwazvo, munyama, nokuda kwokuramba. Asi nyasha dzaVo dzakapa hanzu. Asi, Hupenyu, honai zvakaitika.

<sup>462</sup> Uye kana Vakatozoita izvozvo, kuitira kuti isu tive nemukana, tingaramba sei mukana iwoyo murudo? Kana muchivakwa chino, manheru ano, mune munhu iyeye, mudiki kana mukuru, uyo kusvika panguva ino akaramba mukana iwoyo wakatorera Mwari mubhadharo wakadaro, uye uchida kugamuchira zvapihwa izvi kubva kuna Mwari, manheru ano; zvekuti hausungirwe, sekuziva kwatinoita, kuve uyo anofira chitendero, kunyangwe uchigona hako kuva. Asi nguwo chena yakapihwa kwauri. Uye kana Mwari vakagogodza pamoyo pako zvino, wadii kuzvigamuchira! [Hama Branham vakagogodza papurupiti—Mupepeti]

Zvino ngatikotamisei misoro yedu zvekare.

<sup>463</sup> Kana munhu iyeye, kana vanhu, varimo muno, vari kushuvira izvozvo, kana kuti vanoda kuzvigamuchira pahwaro hwekutenda kwako muRopa rakadeurwa iro Mwari vakatodeurira iwe, vakatambudzika kupfuura chero mumwewo munhu anofa. Hakwaigona kuva nemunhu anofa angatambudzika zvakadaro. Kusvikira, kurwadziwa kwaKe pachaKe kwakaparadzanisa mvura yaKe neRopa raKe, mutsinga dzaKe. Asati aenda kuKarivhari, madonhwe eRopa akanga achibuda mumutumbi waKe, neshungu dzakadaro nemozo wakarwadziwa ndizvo zvaAifanira kuita. Asi, angadai akazvirambawo, zvakare. Asi, achitoda akazviitira iwe neni. Ungarambawo here rudo rwusingaenzanise rwakadaro?

<sup>464</sup> Uye uri kuzviona zvino, nokuzarurwa kweZvisimbiso izvi; izvo zvawakaita, nezvawakaitirwa naMwari. Uye wagadzirira kupira hupenyu hwako kuna Mwari, zvino kana Vakakubvuta kubva mumaoko aantikristu auri maari zvino, ungagamuchira chipo chaVo here, nekungosimudza ruoko rwako kwaVari, uchiti, “Mwari, neizvi, ndinoratidza, ndinogamuchira chipo ichocho cheniyasha”?

<sup>465</sup> “Uye, Hama Branham, ndinoshuvira minamoto yenyu, kuti ndirambe ndakatendeka zvachose.”

<sup>466</sup> Simudza ruoko rwako, zvino ndichanamata. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Revesa zvino. Usa—usazviita kunze kwekunge uchirevesa. Uye ipapo chaipo pawakagara, zvigamuchire ipapo chaipo. Nokuti, rangarira, hawaigona kusimudza ruoko rwako kunze kwekunge chimwe

Chinhu chakuudza kuti uzviite. Uye hapana chimwezve chaigona kunge chazviita kunze kwaMwari.

<sup>467</sup> Saka, zvino, pamunoona Magwaro achibhedhenurwa zvakanyatsokwana! Munoono zvanga zvichiitika, kudzika nemumazera, makore mashoma akapfuura, makore 20 kana 30. Munozviona zvichinyatsosimbiswa zvakakwana. Munoono Gwaro richitaura chaizvo zvakaitika, uye nezviri kuda kuitika. Zvino, pahwaro hwekutenda mubasa raKristu, pamugere iye zvino, uye masimudza maoko enyu, itai, “Kubva paminiti ino zvichienda mberi, zvaringana. Ndinotora Kristu zvino seMuponesi wangu. Uye ndichaMuraramira, kwehupenyu hwangu hwese. Uye ndinoshuvira kuti Mwari vandizadze neMweya Mutsvene.” Zvino kana usati wabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, chidziva chichange chakakumirira.

Ngatinamatei.

<sup>468</sup> Ishe Mwari, panga paine nhamba huru yemaoko pakati pevanhu, asimudzwa. Ndine chokwadi chekuti ndiMi Ishe Jesu vamwe chete vakaititira yananiso, makore mazhinji akapfuura. Uye nekuona Zvisimbiso izvi zvichizarurwa, nezvinhu zvikuru zvakaitika imo muno mumakore mashoma apfuura, ndinotenda nemoyo wangu wese kuti musuwo wetsitsi wava kutanga kuvharwa, uye Magadzirira kutora rwendo rweNyu zvino kuzodzikinura vanhu veNyu. Kuchine mukana, nemukova wakazaruka, sezvazvaiva mumazuva aNoa, dai mweya iyi inokosha inogara mumutumbi wetabhenakeri ino ichaparadzwa rimwe zuva, yasimudza ruoko urwu rwunofa, mukati mavo; nokuda kwekubatikana kwavo—kwavo nekupupura kwavo, kuti vanotenda uye vanoda kugamuchira chirevo cheNyu kwavari, chekuti vaponeswe, paBhuku rakasimbiswa iri rakazaruka rakazarurwa kwatiri. Vapei, manheru ano, Ishe, nguwo yekururama kwaJesu Kristu, uye mupfekedze mweya yavo mune iyoyo, kuti vagomira pamberi penyu muZuva iroro raswederwa pedyo, vakakwana, kubudikidza neRopa raKristu.

<sup>469</sup> Ishe Mwari, kana vasina kunge vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu! Uye pamusoro pechizaruro chaMunondipa pamusoro pazvo; nekuona kuti Pauo akarayira vanhu vakanga vakatobhabhatidzwa naJohane Mubhabhatidzi, kuti vabhabhatidzwe zvakare muZita raJesu Kristu, kuitira kuti vagamuchire Mweya Mutsvene, muna Mabasa 19. Ndinokumbira kuti Muvape gutsikano, Ishe, yeChokwadi ichi, uye dai vakaKuteererai.

<sup>470</sup> Uye zvakare mukuteerera kwekugamuchira kwavo, nekuteerera kune kupupura kwavo, uye nekumvura; dai iMi, mukudzorera, mavazadza neMweya Mutsvene, kuitira simba rekushumira, kwehupenyu hwavo hwose. Ndinovakumikidza zvino kwaMuri, muZita reGwayana raMwari rakapiriswa, Jesu Kristu. Amen. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda  
 Nokuti ndiYe akatanga kundida  
 Ndokutenga ruponeso rwangu  
 Pamuti weKarivhari.

<sup>471</sup> Zvino, kunemi masimudza maoko enyu. Teerera kurayira kweMweya, uko kunozotevera bu—bumbiro reShoko, kumutadzi atendeuka. Zviteverei, mukuita kwese. Uye Mwari veKudenga vakupei mubairo nekuVamiririra kwenyu. Ishe Vakuropafadzei.

<sup>472</sup> Mangwana manheru, huyai nemapenzura enyu nemapepa, zvino, sezvamanga muri kuita. Tinotarisa kuva pano panguva imwe chete, na 7:30, chaidzo, Ishe vachitendera. Uye ne... ndinamatierei, kuti Mwari vandizarurire Chisimbiso Chechitanhatu ichi, mangwana, kuti ndizokwanisa kuChiunza kwamuri sokupa kwaVanoChiita kwandiri. Kusvika panguva iyoyo, tinoimba zvakare. Kwete kubudikidza nenziyo chete, asi kubudikidza nekurumbidza iYe akafa panzvimbo yedu ndokutidzikinura. *NdinoMuda*.

Ndi...

Hevano mufundisi venyu zvino.

...Muda, ndinoMuda  
 Nekuti ndiYe akatanga kundida.



*CHISIMBISO CHECHISHANU* SHO63-0322  
(The Fifth Seal)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZECHIZARURO CHEZVISIMBISO ZVINOMWE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chishanu manheru, Kurume 22, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)